


**ISHENGERO RY'ABADIVANTISTE B'UMUSI W'INDWI  
MU BURUNDI**

**UNIYO MISIYONI Y'UBURUNDI**

**B.P. 1710 Bujumbura**



**ICIVUGO: ARIKO IYO MUSENGA ...**

**IMISI CUMI Y'UGUSENGA**

**8-18 Nzero 2025**

## IBIRIMWO

<b>INDONGOZI Y’UMURONGOZI</b> .....	ii
<b>Ibintu Rusangi Twokwisunga Mu Misi Cumi Yo Gusenga</b> .....	iii
<b>Ivyo Dusabwa Gukora nk’Ivugabutumwa mu Misi Cumi yo Gusenga</b> .....	ix
<b>Ijoro ry’Amasengesho</b> .....	xi
<b>Amasezerano yo muri Bibiliya Twokwishuza mw’Isengesho</b> .....	xiii
<b>Isabato yo Guhimbaza</b> .....	xx
<b>Imitwari yo Gusengera yo ku Rwego rw’isi Yose</b> .....	xxi
<b>Umusi wa Mbere: Igenekerezo rya 08 Nzero 2025</b> .....	1
<b>MUGUME MURI JEWE</b> .....	1
<b>Umusi wa Kabiri: Igenekerezo rya 09 Nzero 2025</b> .....	4
<b>TWIGISHE GUSENGA.</b> .....	4
<b>Umusi wa Gatatu: Igenekerezo rya 10 Nzero 2025</b> .....	1
<b>MUTUMBEREZE KU NTUMBERO</b> .....	1
<b>Umusi wa Kane: Igenekerezo rya 11 Nzero 2025</b> .....	4
<b>AMASENGESHO ATISHUWE (HAMWE N’UKWIZERA)</b> .....	4
<b>Umusi wa Gatanu: Igenekerezo rya 12 Nzero 2025</b> .....	7
<b>IZINA RYAWA RYUBAHWE</b> .....	7
<b>Umusi wa Gatandatu: Igenekerezo rya 13 Nzero 2025</b> .....	10
<b>UBWAMI BWawe NI BUZE</b> .....	10
<b>Umusi w’Indwi: Igenekerezo rya 14 Nzero 2025</b> .....	13
<b>IVYO USHAKA BIBE KW’ISI NK’UKO BIBA MW’IJURU</b> .....	13
<b>Umusi w’Umunani: Igenekerezo rya 15 Nzero 2025</b> .....	16
<b>UDUHE IVYO KURYA BIDUKWIYE UYU MUSI</b> .....	16
<b>Umusi w’Icenda: Igenekerezo rya 16 Nzero 2025</b> .....	19
<b>UDUHARIRE IMYENDA YACU NK’UKO NATWE DUHARIRA ABARI MU MYENDA YACU</b> .....	19
<b>Umusi w’Icumi: Igenekerezo rya 17 Nzero 2025</b> .....	22
<b>NTUTUJANE MU BITWOSHA NABI</b> .....	22

## INDONGOZI Y'UMURONGOZI

Murahawe ikaze mu nteguro y'Imisi cumi yo gusenga yo 2025! Turizera ko isengesho arico kibanza kivukiramwo ikangura! Imana yarakoze ibitangaza vyinshi cane muri iyi myaka iheze mu kwishura ku myanya twamaranye nayo twisonzesheje kandi dusenga. Mpwemu Yera yatumye haba ikangura, ukwihana, igishika co kugira amavugabutumwa amashengero yaravuguruwe, imigenderanire yatosekaye irasubirana. Ng'ibi ibishingantahe bike vyo mu myaka iheze:

*Mu masengesho y'imisi cumi y'uyu mwaka, Uhoraho Imana yakoze ibitangaza vyinshi bidasanzwe ... mu mashengero tubana, bari bamaze imyaka ibiri ata muyagankuba bafise... maze mur'iyoyi misi cumi y'amasengesho iheze, umupastori waho arongorerwa kubwira ishengero ngo buri gitondo bame basengera kwongera kuronka umuyagankuba. Imana ishimwe, uwo mutwaro warishuwe (P.C.O.).*

*[Mu gihe c'imisi cumi yo gusenga] harabaye ukongera kwiyemeza, uguhimirizwa, guterwa umwete hamwe no kuba abizigirwa mu busho. Jewe ubwanje, nabonye binyongera intege, mbere gusumba ubwo twariko turasozera mw'ijoro ry'amasengesho. Turakeneye ibihe nk'ivyo vyinshi bitwegereza ku birenge vya Yesu. (E.A.)*

*Ukwiyemeza kwanje gusoma Ivyanditswe Vyera hamwe n'ukumara umwanya nsenga ntiyari bishikamye. Nyuma y'amasengesho y'imisi cumi narahinduye biboneka ingendo yanje mu bijanye n'ugusenga. Natanguye gutanga umwanya utari muto nsenga, mpimbaza Imana, nsengera abandi, nongera niga Ivyanditswe Vyera. Nari mfise ivuduka ry'umurindi w'amaraso, ariko gushika ubu ryaragabanutse. Amashimwe yanje yose ndayaha Imana. (H.R.)*

*[Mu gihe c'imisi cumi yo gusenga, umwe wese yarasengeye umwigeme yari afise ikibazo kijanye n'akazi.] Yararonse akazi—akazi kari gakeneye umuntu afise ibisabwa vyo ku rwego rwo hejuru, ariko kahawe we. [Twaratangajwe] n'ivyo Imana yakoze, nyuma y'imyaka myinshi ahangayitse kandi arindiriyeye. Mbega twebwe tumaze igihe kingana gute dusenga? Ntitwogaharura. Nagomba ndabatere intege ngo mubandanye musenga kuko amasengesho yacu si ay'ubusa igihe cose twizeye. (L.B.)*

Mbega har'ijwi ry'Imana wewe urumva riguhamagarira kwivugurura? Bibliya yuzuye amasezerano ku bwawe:

*“Maz' abantu banje bitirirwa izina ryanje nibicisha bugufi bagasenga barondera mu nyonga hanje, bagahindikira bakareka ingeso zabo mbi, nuko nanje nzokwumva ndi mw ijuru, mparire ivyaha vyabo, nkize n'igihugu cabo.” (2 Ngoma 7 :14)*

*“Muzondondera kandi muzombona, nimwandondeza umutima wanyu wose” (Yeremiya 29:13).*

*“Kand' umuntu wese azokwambaza izina ry'Uhoraho azokizwa” (Yoweli 2:32).*

*“Mwiyegereze Imana nayo izobegera” (Yakobo 4:8).*

*“Ehe mpagazeku rugu, ndaramukije. Umuntu niyumva ijwi ryanje, akugurura urugi, ndinjira i we, dusangire” (Ivyahishuriwe Yohana 3:20).*

Aho uri hose mu buzima bwawe bwa buri musu, Imana irakwegereye gusumba uko uvyibaza. Iragomba gusesekaza imihezagiro ku muryango wawe, kw’ishengero ryawe, mu kibano cawe, no kw’isi yawe.

## ICIVUGO CACU C’AMASENGESHO : ARIKO IYO MUSENGA...

Mur’uyu mwaka ivyo tuzogenda dusoma buri musu twabiteguriwe na Dr. Pavel Goyiya, umwanditsi w’ikinyamakuru citiriwe Igikorwa (*Ministry Magazine*). Yakoresheje inkuru z’ivyo yakoze mu kuhuza n’isengesho rya Yesu hamwe n’inyigisho ziwe. Mukurikirane maze agufahse kugera kugutahura cane ubuzima bw’ivya mpwemu. Mbega gushira hejuru Imana bisobanura iki? Mbega ubwami bw’Imana bugereranywa n’iki aha kw’isi? Mbega ni gute guhaira abandi bihindura imigenderanire yacu n’Imana? Mbega Imana n’iyo ijana abantu mu bigereragezo?

Nimba wari ugize imisi usenga canke umaze imisi mike, izo nkuru ziri mur’ibi bisomwa zizokangura ubugombe bwawe bwo kurondera guhura na Yesu biciye ku mavi. Hora usoma wiyumvira, Bibliya iri hafi yawe. Kandi nimba bishoboka, rondera umurwi w’abandi bizera muzohora musengera hamwe mur’iyi misi cumi. Kuko aho babiri canke batatu bakoraniye mw’izina rya Yesu, ibitangaza birakoreka!

### **Ibintu Rusangi Twokwisunga Mu Misi Cumi Yo Gusenga Indongozi y’Amasengesho ya buri musu**

Twaratanze indongozi y’isengesho kuri buri musu muri kino kiringo c’imisi icumi. Buri ndongozi iba irimwo umurongo wo muri Bibiliya, igisomwa co kwiyumvirako, ibisomwa vyo muri Bibiliya vyo kwifashisha mu gusenga, amasengesho yiyumviriwe yokoreshwa hamwe n’indirimo ziyumviriwe mwokwifashisha. Ni vyiza rero ko mwobirwiza kugira ngo uwariwe wese aja kuba ari muri zino nteguro abe afise indongozi yo gusenga ya buri musu kugira ngo ashobore kubikurikiza mu bihe vyiza vyo gusenga muja kuba murimwo.

Amashengero y’Abadventiste b’Umusu w’Indwi kw’isi yose bazokwishira hamwe mu ntumbero yo gusengera imitwari ya buri musu. Mwifatanye nabo mu gusenga ukoresheje imirongo yo muri Bibiliya hamwe n’imitwari iba yashikirijwe yo gusengerwa. Ariko ntiwumve ko utegerezwa uko vyogenda kwose kuraba urutonde rwose rw’imitwari iba yatanzwe hamwe n’amasengesho yiyumviriwe. Mushobora kwigabura mu mirwi mito mito hanyuma umurwi wose ugashikirizwa igice c’imitwari iba yashikirijwe ngo isengerwe.

Twarashizemwo kandi igice twise Imitwaro y'Ishengero ku rwego rw'isi yo gusengerwa. Birahambaye cane gusengera hamwe nk'abagize umuryango w'ishengero ryacu mw'isi yose. Ariko kandi murashobora gufata umwanya munini musengera ivyo mukeneye aho muherereye niba mu murwi wanyu harimwo abashitsi baje bava mu kibano. Musenge kugira ngo mumenye uburyo bubereye mwoshobora guhamwo ikaze abo mwatumiye kugira ngo biyumvemwo ko nabo bari mu bagize umurwi wanyu.

### ***Ivyo twokwisunga Bishoboka mu Mwanya w'Amasengesho***

- Amasengesho akwiriye kuba magufi - iryungane rimwe canke abiri kuco muba muriko murasengera. Hanyuma uhe abandi akaryo nabo basenge. Umuntu umw'umwe wese ashobore gusenga ibihetangabo vyinshi nk'uko avyipfuzwa, nk'uko mukora mu kiyago.
- Ntimutinye ko haba agacerere, kuko gaha umwe wese umwanya wo kwumviriza Mpwemu Yera
- Kuririmbira hamwe mwese indirimbo muyobowe na Mpwemu Yera nawo n'umugisha uhambaye. Ntibikenewe ko habamwo ibicurarangisho; kuririmba n'amajwi gusa ni vyiza.
- Aho gukoresha umwanya w'agaciro w'amasengesho muvuga imitwaro yo gusengera, shirako musenge. Hanyuma, abandi barashobora kandi gusengera imitwaro yanyu maze bakishuza amasezerano kuvyo mukeneye.

### ***Indinganizo y'Umwanya Yiyumviriwe muri buri gice cose c'Amasengesho.***

Imyanya yanyu yo gusenga muyigire iyisanzwe kugira ngo abagize umurwi bose bashobore gushira umutima wabo kw'isengesho. Umwanya muzomara kuri buri muce urashobora guhinduka. Izi ndongozi zo gusenga n'iciyumviro gusa gishobora kudufasha:

**Gutanga ikaze hamwe n'intangamarara:** Hagati y'iminota 2 - 5.

**Gusoma icigwa (mu ndongozi y'isengesho ya buri musu):** Iminota 5.

**Gusenga wifashisha imirongo bise "Gusenga ukoresheje Ijambo ry'Imana" (mu ndongozi y'isengesho ya buri musu):** hagati y'iminota 10 na 15

**Gusengera ivyatanzwe mu murwi "Imitwaro yashikirijwe yo gusengera" (mu ndongozi y'isengesho ya buri musu):** hagati y'iminota 20 na 30

**Ukwishura biciye mu ndirimbo n'amashimwe:** hagati y'iminota 5 na 10.

### ***Gusengera Abandi***

Himiriza buri muntu wese ngo asengere ubudasiba abantu bari hagati ya batanu n'indwi Imana yashize ku mutima wiwe. Bashobora kuba abavyeyi, abagenzi, abo mukorana ku kazi, ababanyi canke uwundi uw'ariwe wese woba uzi. Bahimirize kugira ngo basabe Mpwemu Yera abayobore mu gihe bahitamwo ayo mazina kandi bashobore kugira ico babafasha muri iki kiringo c'imisi icumi yo gusenga. Mushobora gutanga amakarata canke

ugashikiriza abantu impapuro boshobora kwandikako amazina y’abo bantu bipfuzza kuzoza barasengera.

### ***Ibikorwa vyo kw’Isabato mu Misi Cumi yo Gusenga***

Tumbereza ivyiyumviro kw’isengesho kandi musangize abandi ibishingantahe vyanyu vy’uburyo Imana yishuye amasengesho yanyu mu gihe c’integuro yo gusenga kuri ayo masabato abiri. Ni mube abantu bazana bishasha- hariho uburyo bwinshi bwo gusabikanya n’abagize umuryango w’abanyeshengero ivyagiye birakoreka mu bikorane vy’amasengesho vya buri musi.

### ***Guhimbaza Isabato ya Nyuma***

Isabato ya nyuma igomba kuba umwanya w’umunezero udasanze mu kwigina ivyo Imana yakoze vyose mu misi cumi. Mutegekanye umwanya uhagije wo gushikiriza ibishingantahe vy’amasengesho yishuwe muri ico kiringo, inyigisho/ikibwirizwa cerekeye isengesho, hamwe n’indirimo. Yoborera ishengero ryose mu mwanya w’isengesho kugira ngo n’abo bandi bataje mu bikorane vya buri musi bashobore kwumva umunezero wo gusengera hamwe n’abandi. Kugira ngo wunguke vyinshi bigufasha, soma igitabo “Guhimbaza Isabato.”

### ***Gukurikiranira hafi imisi cumi yo gusenga***

Senge kugira umenye ingene Imana yipfuzza ko ishengero ryawe canke umurwi wawe wokomeza ico watanguye muri iyi misi Cumi yo Gusenga. Kumbure muzobandanya ibihe vyo gusenga vyo mu ndwi. Kumbure Imana yipfuzako mwotangura igikorwa gishasha mw’ishengero ryanyu canke igikorwa c’ivugabutumwa mu kibano. Ni mwuguruke kandi mwemere kuyoboka muja iyo Imana izobayoborera kuja. N’ivy’ukuri ko muzotangazwa cane kugendana nayo. Igitabo **Outreach Challenge (Intambanyi mw’Ivugabutumwa)** cuzuyemwo ivyiyumviro bitandukanye bizobafasha kurangura ico gikorwa.

### ***Ibishingantahe***

Sabikanya n’abandi inkuru zerekeye ingene Imana yakoze muri iyi misi cumi yo gusenga! Inkuru zanyu zizotera intege abandi bantu isinzi. Inkuru mushobora kuzirungika biciye kurubuga rw’ubuhinga ngurukanabumenyi: [www.tendaysofprayer.org](http://www.tendaysofprayer.org).

### ***Gutumbereza ku Masengesho y’Urunani***

#### **Mwemeranye mwese hamwe**

Mu gihe hari umuntu umwe ariko arashikiriza umutwaro Imana, murabe ko n’abandi bariko barasengera uwo mutwaro kandi ko bese hamwe babihurizako, birimwo inkomezi! Ntuhawe wiyumvira ko kubera hari uwasengeye umutwaro ko atawundi yowusengera. Bibiliya igira iti: “Kandi ndababwira ukuri yukw’ ababiri muri mwebwe ni bahuriza inama mw isi gusaba

ikintu cose, Data wo mw'Ijuru azokibakorera" (**Matayo 18 :19**). Mbega ukuntu bitera umwete guterurira hamwe umutwaro biciye mw'isengesho!

### ***Kwishuza Amasezerano***

Himiriza umurwi kwishuza amasezerano y'Imana mu gihe basenga. Biroroshe gutumbereza ivyiyumviro vyacu ku ngorane zacu gusa. Ariko iyo twishuza amasezerano y'Imana, twongereza ukwizera kwacu kandi tukibuka ko ku Mana ntakidashoboka. Amasezerano adufasha gukura amaso ku ntege nke zacu no ku ngorane zacu maze tukayahanga kuri Yesu. Kuri buri ntege nke, no kuri buri ntambara dushobora kubona muri Bibiliya amasezerano twokwishuza. Himiriza abantu ngo barondere muri Bibiliya ayandi masezerano menshi ashoboka maze bayandike ahantu kugira ngo bazoshobore kuyishuza Imana muri kazoza.

N'amahirwe yacu kwishuza amasezerano y'Imana mu masengesho yacu. Ivyagezwe vyayo vyose n'impanuro zayo navyo nyene n'amasezerano. Ntiyokwigera idusaba ikintu tutoshobora gukora dukoresheje inkomezi zayo.

Biroroshe gushira ivyiyumviro vyacu ku vyo dukeneye, ku ngorane zacu, ku ntambanyi zacu- kwidoga hamwe no kurizwa n'ibihe tubayemwo igihe tuba turiko turasenga. Iyo siyo ntumbero y'isengesho. Isengesho rigenewe gukomeza ukwizera kwacu. Ni co gituma tubahimiriza ngo mwishuze amasezerano y'Imana mu mwanya wanyu wo gusenga. Ni mukure amaso kuri mwebwe no ku ntege nke zanyu maze muyahange kuri Yesu. Mu kumwitegereza, turahinduka tugasa nawe.

Ellen White adutera umwete muri aya majambo: *"Buri sezerano riri mw'ijambo ry'Imana ni iryacu. Mu masengesho zanyu, shikiriza ijambo ryasezeranywe na Yehova, kandi kubwo kwizera ishuzwa amasezerano yayo. Ijambo ryayo ni icemezo c'uko ni mwasaba mwizeye, muzoronka imihezagiro yose ya Mpwemu. Ni mubandanye musaba, kandi muzoronka ibirengeye ivyo musaba n'ivyo mwiyumvira."* (**In Heavenly Places, p.71**).

Ni gute mushobora kwishuza amasezerano yayo? Nk'akarorero, iyo musabira amahoro, mushobora gusaba mwishimikije **Yohana 14:27** maze mukavuga muti: "Mana watubwiye mw'ijambo ryawe ngo: 'Amahoro ndayabasigaranye, ndabahaye amahoro yanje; sindabaha nk'uko ab'isi batanga. Ntimuhagarike imitima ntimutinye.' Mpa amahoro wasezeranye ko udusigiye. Shimira Imana ko yabahaye amahoro, n'ubwo kumbure mwoba mutarayiyumvamwo muri uwo mwanya.

### ***Kwisonzesha***

Muhimirize ngo muri iyi misi cumi abantu ngo bisonzeshe nka kumwe ba Daniyeli bisonzesha. Gutangura umwaka usenga wisonzesha n'uburyo bwiza bwo kwegurira Imana ubuzima mu mwaka tuba dutanguye. Ellen White atubwira ati: *"Uhereye uyu musigushika kwiherezo ry'ibihe, ubwoko bw'Imana bwategerezwa kuba abantu badafyinata, bari maso, batishimikiza ubwenge bwabo gusa, ariko bishimikiza ku bwenge bw'umutwara wabo.*

*Bategerezwa gutegekanya imisi yo gusenga no kwisonzeshya. Kumbure si ngombwa ngo biyime imfungurwa zose burundu. Ariko bategerezwa gufungura mu buryo bubayabaye imfungurwa ziyoroheje.” (Counsels on Diet and Foods, pp. 188, 189)*

Turazi Daniyeli yafunguye ivyamwa n’insoromano kumara imisi cumi. Turabahimiriza kandi ngo mukoreshe imfungurwa zibayabaye muri iyi misi cumi y’amasengesho. Namba dukeneye kugira ivyiyumviro bitekanye kugira ngo twumve ijwi ry’Imana, kandi namba dushaka kuyegera dutegerezwa kuraba ko imfungurwa zacu zitatugora. Ukwisonzeshya ntibisigura gusa guhagarika gufungura. Turabahimiriza kandi ngo mureke kuraba televiziyo, guheba umuziki, amafilimi, inkino zo mu mamashini, ubuhinga ngurukanabumenyi, imbuga ngurukana bumenyi, za Facebook, YouTube. Rimwe na rimwe n’ibintu bisanzwe atari bibi ubwavyo birashobora kudutwara umwanya munini. Shira ku ruhande ibishoboka vyose kugira ngo muronke umwanya uhagije wo kumarana n’Imana. Koresha uwo mwanya mwahora mukoresha mu kwiya Bibliya, musaba Imana ngo ibafashe kandi yongere ifashe ikoraniro ryanyu kunamba kuri Kristo.

Ukwisonzeshya si uburyo bunyarutse bwo kuronka igitangaza c’Imana. Ukwisonzeshya n’uguca bugufi kugira ngo Imana ikorere muri twe kandi ikore binyuze muri twebwe. Tuyegere binyuze mu gusenga no kwisonzeshya nayo izotwegera.

### ***Mpwemu Yera***

Suzuma neza ko mwasavye Mpwemu Yera kugira ngo abarongore mu kumenya ivyo mukwiriye gusengera mu buzima bw’umuntu canke mu bihe vyihariye. Bibliya itubwira yuko tutazi neza ivyo dusengera kandi ko Mpwemu Yera ariwe adusabira.

*“Ntidutegerezwa gusa gusenga mw’izina rya Yesu, ariko biciye muguhishurirwa na Mpwemu Yera. Ibi biratanga insiguro y’ico baba bashaka kuvuga igihe haba havuzwe yuko Mpwemu ‘ubwiwe aradusengera, aniha iminiho itovugwa.’ (Abaroma 8:26). Isengesho nk’iryo rihimbara Imana kuritangira inyishu. Mu gihe duhema isengesho ryuzuyemwo ubushizi bw’amanga n’inkomezi biciye mw’izina rya Yesu, harimwo inkomezi muri ubwo buryo budasanzwe. Maze igisabo twerekeje ku Mana, na yo iba yiteguye kwishura ku masengesho yacu mu buryo ‘burengeye cane ivyo dusaba n’ivyo twiyumvira vyose nk’uk’ubushobozi bwayo budukoreramwo buri’ (Abanyefeso 3:20)” (Imigani ya Kristo, p. 147, mu rurimi rw’Icongereza).*

### ***Kwizera***

Dusoma muri Mpwemu w’Ubuhanuzi ko “Isengesho rifatanije no kwizera rizokora ivyo atabushobozi bwo kw’isi na bumwe bushobora gukora.” (Igikorwa co Gukiza p. 509 mu Congereza). Tubwirwa kandi ko “Buri mpano yose yasezeranywe, turashobora kuyisaba; ubwo rero dutegerezwa kwizera ko turonse maze rero tugaca dushimira Imana kuko twaronse ico twasavye” (Education, p.258). Mwimenyereze gushimira Imana imbere y’igihe kubwo kwizera kuvyoye iza gukora hamwe n’ingene iza kwishura amasengesho yanyu.



Mu bikoresho vy'imisi cumi y'amasengesho biri ku rubuga, harimwo igitabo kirimwo ivyiyumviro vyinshi vyo kumenyekanisha. Yesu abahamagarira kuba ibiganza vyawe hamwe n'ibirenge vyawe mw'isi imukeneye!

### ***Gukora bwa Kinyamakuru***

Gutunganya ikinyamakuru c'amasengesho muri ino misi cumi yo gusenga birashobora gufasha abaza gusenga gufata ivyasengewe ku musi, ku musi maze bigatuma bagirana amasezerano n'Imana mu buryo bwumvikana kandi bikabatuma bashima imihezagiro yayo. Kwandika amasengesho yacu hamwe no kugumya ibimenyetso vy'inyishu z'Imana ni iyindi nzira yapimwe ishikana ku kudacika intege.

Niba mubishaka, murashobora gutegekanya umwanya mu bihe vy'ibikorane vyo gusenga kugira ngo abantu bandike mu binyamakuru inyishu Imana yabahaye muri rwa rutonde basengeye mu mwiherero. Canke mushobora kugira ikinyamakuru c'umugwi mukandikamwo imitwaro hamwe n'inyishu baronse, haba mw'ikaye canke ku kibaho kinini, eka mbere canke ku buhinga ngurukanabumenyi. Ni ubundi buryo bwo gutera intege mu gukomeza kwubaka ukwizera mu gutereza amaso yacu inyuma kuvyotwawe Imana hanyuma tukibonera ukuntu Imana nayo yishuye amasengesho!

### ***Gusonera***

Himiriza kandi wongere ube akarorero mu mwifato wo kwubaha. Tuzirikane ko turiko turegera intebe y'Umwami aganza ijuru n'isi. Ntidufate uyu mwanya wo gusenga minenerwe biciye mu nyifato yacu canke uburyo tubikoramwo. Ariko kandi si ngombwa ko buri muntu wese yokwama apfukama umwanya wose. Mwipfuzako abantu bumva baguwe neza mu kiringo c'isaha imwe. Bahimirize uwariwe wese yifate mu buryo yumva ko bumworohera haba gufukama, kwicara canke guhagarara, ukw'Imana imurongoye, kandi bumve baguwe neza.

### ***Amasengesho mu Mungane Magufi***

Amasengesho akwiriye kuba magufi kandi atumbereye neza ico usengera. Ibi biha abandi akaryo ko gusenga. Mugerageze amasengesho yanyu abe agizwe n'amajambo make. Umuntu umw'umwe wese ashobora gusenga ibihetangabo vyinshi. Gusenga amasengesho magufi bituma umwanya wo gusenga ukundwa cane maze bikemerera Mpwemu Yera kwandika mu bwenge bw'abagize umurwi bese uburyo bwiza bwo gusenga. Ntibikenewe ko wama ijambo ryose rihereza canke ritangurirwa na "Data udukunda" hamwe na "Amen." Ico ni ikiyago kibandanya uba uriko uragirana n'Imana.

### ***Agacerere***

Nk'umurongozi, ntiwigere wihariza umwanya wo gusenga. Intumbero n'uko ahubwo abandi bese bosenga. Imyanya y'agacerere ni myiza cane kuko iha akaryo Imana kuvugana

n’imitima yacu. Reka Mpwemu Yera akore kandi uhereze umwe wese umwanya wo gusenga.

### ***Mu Kuririmba***

Indirimbo zitorewe ngaho zirimbwa n’abagize umurwi bose, zirimbwa hagati y’amasengesho bizana akandi kanovera mu bikorane vyo gusenga. Urutonde rw’indirimo rwokoresha rwagiye ruratangwa ku mpera ya buri cigwa. Ntuhave wumva ko bikenewe gukoresha izo ndirimbo zose, izo ni iziyumviriwe gusa. Ukuririmba ni uburyo bwiza bwo gutandukanya imyanya yo gusenga.

### ***Kwakira Imitwaro yo Gusengerwa.***

Ntukigere usaba imitwaro yo gusengerwa abantu bagize umurwi. Ahubwo bwira abo bantu basengere imitwaro yabo kandi uhimirize abandi ngo bemere ubwo buryo bwo gukora kandi basengere iyo mitwaro. Ehe impamvu: **Umwanya!** Ukuvuga kuvyerekeye imitwaro bizodufata hafi umwanya wacu wose wo gusenga. Satani aranzerezwa cane no mu gihe ashoboye tuguma tuvuga ingorane aho gusengerwa iyo ngorane. Abagize umurwi bazokomeza kenshi batanga impanuro bongera batanga imiti yose ishoboka. Ariko tuzirikane ko inkomezi ziva k’Uhoraho! Uko tubandanya dusenga niko ubushobozi bwiwe bukomeza kwiyerekana.

### ***Umwanya wanyu wa buri musi***

Birahambaye cane! Menya neza ko mwebwe nk’abarongozi muramara umwanya buri musi ku birenge vya Yesu, muganira nawe kandi musoma Ijambo ryiwe. Ukumenya Imana niwabigira nyambere mu buzima bwawe, ivyo bizokwugururira inzira nziza y’imibereho. “Mu kibanza c’ibanga c’amasengesho havuyeyo ubushobozi bwanyiganyije isi yose mu gihe c’ubugorizi buhambaye. Aho rero, hamwe n’agacerere kera, abakozi b’Umwami bashize ibirenge vyabo kw’ibuye ry’amasezerano yiwe” (**Intambara Ihambaye, urupapuro. 210** mu rurimi rw’Icongereza). Igihe umurongozi asenze, Uhoraho nawe aca akorera ku mitima!

## **Ivyo Dusabwa Gukora nk’Ivugabutumwa mu Misi Cumi yo Gusenga**

Yesu ntabwo aduhamagarira gusenga gusa ariko kandi gufasha mu buryo bw’umubiri n’ubw’impwemu abaturuzengurutse hirya no hino yacu. “*Nari nshonje, murangaburira, nari mfise inyota, mumpa ico nywa; nar’ ingenzi, mumpa indāro; nagenda gusa, muranyambika; nari ngwaye, muza kurāba uko meze; nari mw ibohero, muza kundāba*” (**Matayo 25 :35, 36**).

Mu gitabo citwa ***Igikorwa co Gukiza*** dusoma amajambo agira ati: “Dutegerezwa kubaho ubuzima bw’uburyo bubiri—ubuzima bw’iciyumviro hamwe n’ubuzima bw’igikorwa,

isengesho ryo mu gacerere hamwe n'igikorwa gishimitse" (Urupapuro 512 mu rurimi rw'Icongereza). Twararonse urukundo rudasanze rwavuye ku Mukiza wacu, kandi turafise amahirwe yo gusabikanya urwo rukundo n'abagenzi, ababanyi hamwe n'abanyamahanga barukeneye.

Saba Imana uburyo wewe hamwe n'ishengero ryawe mwoshobora gukorera abandi inyuma y'iyi misi cumi yo gusenga. Ubwo mugiyeye gukora ngo mutegure ibikorwa bitandukanye, mwirinde ko izo nteguro zobaciramwo mu mwanya wo gusenga.

*"Akigoro k'umuntu mu gukorera abandi gategerezwa gutangurirwa n'isengesho ridasanze ryo mu mwiherero; kuko bisaba ubwenge bwinshi bwo gutahura ubuhinga bwo gukiza imishaha. Imbere yo kuvugana n'abantu, banza wihererane na Kristo. Ku ntebe y'ubuntu yo mw'ijuru niho turonkera umwiteguro wo gukorera abantu" (Prayer, p 313).*

Ngubu bumwe mu buryo bwo gufasha abandi. Hitamwo ico arico cose gihuye n'ivyankenerwa vy'ikibano cawe, kandi ni wumva bikenewe murashobora kwongeramwo ibindi vyiyumviro vyanyu.

- ✓ Tegurira ibifungurwa umuntu ararwaye.
- ✓ Tumira umubanyi/uwo mukorana ku kazi munezeranwe.
- ✓ Hereza ibifungurwa uwutagira aho akika umusaya.
- ✓ Tanga impuzu wipfuzako nawe bokugabira.
- ✓ "Iyandikeko (adopter)" umuntu ageze muzabukuru. Mugendere buri musu kandi umufashe ibikorwa vya buri musu, ugusuma, uguteka, canke ibikorwa vyo mu murima.
- ✓ Kora imikate hanyuma uyisabikanye n'umubanyi wawe.
- ✓ Fasha umubanyi wawe imigambi yiwe.
- ✓ Ha indaro umuntu arwaye canke umuntu w'umukehabwenge kugira ngo abamurwajije bashobore gusimba gukora utundi dukorwa.
- ✓ Ifatanye n'umubanyi wawe mu migambi.
- ✓ Imenyekanishe ku mubanyi wawe mushasha mu kubatumira gusangirira hamwe. Mufashe ku buryo yumva ko yakiriwe neza mu kibano.
- ✓ Gura ibifungurwa kandi ubihereze imiryango ibikeneye.
- ✓ Tanga amarori yawe ya kera ku barwaye amaso muhuje uburwayi.
- ✓ Tanga Ivyigwa vya Bibiliya.
- ✓ Gendera abantu bari mu bitaro.
- ✓ Hereza amafaranga yo kugura "ibifungurwa" umunyeshure.
- ✓ Egeranya ivyambarwa vyo guha ababikeneye. Utegerezwa gutangurira kubakwegereye bari mw'ishengero ryawe kugira ngo basangire n'abandi.
- ✓ Tanga imashini yawe nyabwonko canke ibindi bikoresho bikoresha vy'umuyagankuba.
- ✓ Tanga imodoka yawe wakoreshyeje.
- ✓ Mutegure ivyigwa vy'intungamagara "Health Expo."
- ✓ Rungikira ikarata yawe abafunzwe.
- ✓ Tegura urukurikirane rw'amavugabutumwa.

- ✓ Hamagara ababanyi bawe kandi ubabaze uko bamerewe.
- ✓ Gabira umuntu igitabo wiyumvira ko akeneye.
- ✓ Musabikanye ivyandiko vyitiriwe GLOW (biboneka iyo ubisavye kuri uru rubuga ngurukanabumenyi arirwo: [www.glowonline.org/glow](http://www.glowonline.org/glow)).
- ✓ Tumira umuntu runaka kwemera Yesu mu buzima bwiwe.
- ✓ Tegura ishure ryigisha guteka.
- ✓ Tanga ibitabo bivuga ivyerekeye Imana.
- ✓ Shira ibifungurwa umuntu runaka yapfishije uwiwe.
- ✓ Gendera abantu bari mu bitaro mu ntumbero yo kubatera intege canke kubafasha mu buryo runaka.
- ✓ Somera amajambo y’Imana umutama canke umutamakazi ageze mu zabukuru.
- ✓ Gendera irerero ry’impfuyi mu ntumbero yo kuryunganira kandi mufashe abakozi bahakorera.
- ✓ Tanguza umurwi wo gushona kugira ngo bashone impuzu zo gutanga.
- ✓ Somera Bibiliya umuntu adashobora kubona canke ngo asome.
- ✓ Tegura igiteramo c’abana kizoba mw’ijoro.
- ✓ Tegura kwubakira inzu ku bantu batishoboye.
- ✓ Tanga ibitabo mu marerero y’impfuyi.
- ✓ Twara abana mu bibanza bibamwo abageze mu zabukuru babagendere. Munahakorere integuro yo gusenga.
- ✓ Mutegekanye kwakira umusi wo kunezereza abana bagendana ubumuga hamwe n’imiryango yabo.
- ✓ Mutegure umusi w’ibikorwa rusangi vyo gusukura.
- ✓ Tanguza umurwi wo kugira amagara meza mw’ishengero ryanyu. Nimutumire n’ababanyi n’abagenzi.
- ✓ Saba umuntu niba yashobora kwifatanya namwe mu kuraba isinema irimwo ubutumwa bw’ivy’Impwemu. Mu gihe muba muriko murayirabana n’uwo muntu, senga usaba Mpwemu Yera ngo avugane n’umutima w’uwo muntu.
- ✓ Tanguza umugambi w’iwawe.

Mu vyerekeye ibindi bintu vyinshi bivuga ivyerekeye ibishingantahe vyashikirijwe, ja ku rubuga ngurukanabumenyi arirwo uru rukurikira:

[www.revivalandreformation.org/resources/witnessing](http://www.revivalandreformation.org/resources/witnessing).

### **Ijoro ry’Amasengesho**

Mutegekanye gufata ijoro ryose ryo gusenga muri ino misi cumi yo gusenga. Nk’akarorero, murashobora gutangura isaha cumi na zibiri z’umugoroba (18h00) hanyuma mugasozera isaha cumi na zibiri z’igitondo (6h00). Muhitemwo umwanya ushobora kworohereza abagize umurwi bose kugira babe bahari atanumwe avuyemwo.

## **Kubera iki ijoro ry'amasengesho ?**

Nta kintu na kimwe “cera” kiri mu kuguma ukanuye ijoro ryose kandi uriko urasenga. Ariko kandi, ijoro rishobora kuba ariwo mwanya wonyene aho abantu ata gikorwa na kimwe baba bariko barakora kandi ata kibahutagiza. Twizera ko intumbero yanyu itazoba iyo kuguma mukanuye ijoro ryose ariko ko kazoba akaryo kadasanzwe ko gusenga gushika wumvise ko wasengeye ikintu ico arico cose Imana yariko irashakako wosengera.

Twobaha icyumviro ko abantu batari bake borongora iyo nteguro yo mw'ijoro. Mukore ibishoboka vyose haje harabamwo umwanya w'akaruhuko. Nk'umurongozi, urashobora kwumva uko ibintu bimeze kandi ukamenya igihe ikiruhuko gikenewe n'igihe kibereye co kuva ku murwi w'amasengesho ngo muje ku wundi murwi.

Murashobora kandi gushiramwo ibisomwa vy'imirongo yo muri Bibiliya muri uwo mwanya wo gusenga. Murashobora gushaka gukorera icarimwe ibintu vyose vyatanzwe canke bimwe muri vyo, bivanye n'uko mubona ivya nkenerwa ku murwi. Ntimubure guhindura urutonde rwatanzwe nk'uko muvumva.

## ***Integuro Mwoshobora Kwifashisha mw'Ijoro ry'Amasengesho***

**Tanguza no guhimbaza.** Muhimbaze Imana mu masengesho yanyu kandi munabikore biciye mu ndirimbo.

**Mufate umwanya runaka wo kwihana,** murabe neza ko atakintu na kimwe cobabera intambamyi ngo Imana ntibumve. Muhereze abantu akaryo ko kwaturira Imana ivyaha vyabo mw'ibanga kandi baronke umwanya wo kwihana. Himiriza abantu kwaturira mw'ibanga ivyaha vyabo bakoreye mu mpisho hamwe no kwaturira ku mugaragaro ivyaha bakoreye ahabona. Muri **Daniel 9:1-19** dusoma ivyerekeye Daniel, yasabiye kandi akaturira ku mugaragaro ivyaha vy'ubwoko bw'Imana.

**Musengere ivyo abantu baje mu bikorane vy'amasengesho bakeneye.** Abantu benshi barakomeretse canke barakeneye amasengesho cane. Bitayeho, barazi umuntu wundi akeneye mu buryo budasanzwe isengesho. Mukore umuzingi, mushire intebe hagati, hanyuma mutumire abo bantu bose bafise imitwaro idasanzwe ngo baze umw'umwe musabikanye imitwaro yabo. Hanyuma nimuzenguruke uyo umuntu babiri canke batatu basengere ico akeneye mu buryo butomoye mugusaba ishitswa ry'amasezerano y'Imana.

**Gabura umurwi wanyu mu mirwi ibiri. Saba abakenyezi bakorere** integuro yo gusenga mu cumba kimwe (bafise umukenyezi nk'umuyobozi wabo) Abagabo nabo mu kindi cumba (bafise umugabo nk'umuyobozi wabo). Ibintu abantu benshi bakeneye ntibishobora gusabikanywa n'umuntu uwo ariwe wese. Biroroha cane kubisabikanya n'abantu basangiye igitsina.

Inyuma yo gusubira gukoranira hamwe mwese, **sengera ubukene bw'ikibano canyu hamwe nubw'ishengero ryanyu.** Vyongeye nimufate umwanya wo gusengera **imitwaro y'ishengero kw'isi** (iyo mitwaro yaradondaguwe mu buryo butandukanye mu bikoresho vy'imisi cumi yo gusenga). Ntiwumve ko uca wirukira mu rutonde rwose rw'imitwaro yatanze. Urashobora kuyigabagura mu mirwi mito mito maze umurwi wose ukawuhereza abawusengera.

**Sengera rwa rutonde rw'abantu batanu gushika ku ndwi wakomeje gusengera muri kino kiringo c'imisi icumi.**

**Hitamwo umurongo wo muri Bibiliya maze musenge ariwo mukoresheje.**

**Musozere umwanya wanyu wo gusenga mukoresheje ikindi gice co guhimbaza hamwe n'amashimwe.**

### **Amasezerano yo muri Bibiliya Twokwishuza mw'Isengesho**

#### ***Amasezerano yo Kuronka Mpwemu Yera***

*“Uhoraho abe ariwe musaba imvura ngw igwe mu gihe c'itasura, muyisabe Uhoraho arema imiravyo; na we azobaha imvura y'umuvuvu, umuntu wese amumereze imirima.”*

**Zekariya 10:1**

*“None mwebwe, ko muzi guha abana banyu ingabire nziza muri babi, mbega So wo mw'ijuru ntazorushiriza rwose guha Mpwemu Yera abamumusavye?”* **Luka 11:13**

*“Arik' Umwitsa, ariwe Mpwemu Yera, uwo Data azorungika mw izina ryanje, niwe azobigisha vyose, kand' azobibutsa ivyo nababariye vyose. Uwo ni yaza, azohinyuza ab' isi, abemeze ivy' icaha, n'ivy'ukugororoka, n'ivy' amateka.”* **Yohana 14:26; 16:8**

*“N'ukuri, n'ukuri ndababwire: Unyizera, ibikorwa jewe nkora na we azobikora: kand' azokora ibibiruta, kuko jewe ngiye kwa Data. Kand' ico muzosaba cose mw izina ryanje nzogikora, kugira ngo Se ashimagizwe mu Mwana. Ni mwagira ico musaba mw izina ryanje, nzogikora.”* **Yohana 14:12-14**

*“Aranyishura, ati Ngiri ijambo Uhoraho atumye kuri Zerubabeli, ati Si kubw' inkomezi, si kubw'ubushobozi, ariko ni kubwa Mpwemu wanje, ni k'Uhoraho Nyen'ingabo agize”* **(Zekariya 4: 6).**

#### ***Amasezerano y'uko Imana Yishura Amasengesho***

*“Ni mwaguma muri jewe, amajambo yanje akaguma muri mwebwe, musabe ico mugomba cose, kizobabera kuno.”* **Yohana 15:7**

*“Nuko ni twēgēre intebe y’ubuntu dushize ubwoba, kugira ngo turonke ikigongwe, tubone Ubuntu bwo kudutabara mu gihe gikwiye.”* **Abaheburayo. 4:16**

*“Ni co gitumye mbabwira yukw ivyo musenga canke musaba vyose, mwizere yuko mubihawe, kandi muzobibona.”* **Mariko 11:24**

*“Uz’ unyambaze ku musi w’amagorwa, Nzogukiza, nawe uzompesha icubahiro.”* **Zaburi 50:15**

*“Kandi ndababwira ukuri yukw ababiri muri mwebwe ni baturiza inama mw isi gusaba ikintu cose, Data wo mw ijuru azokibakorera.”* **Matayo 18:19**

*“Kand’ ivyo muzosaba vyose musenze, mwizeye, muzobihabwa.”* **Matayo 21:22**

*“Kand’ ico muzosaba cose mw izina ryanje nzogikora, kugira ngo Se ashimagizwe mu Mwana. Ni mwagira ico musaba mw izina ryanje, nzogikora.”* **Yohana 14:13, 14**

*“Kur’ uwo musi, nta na kimwe muzombaza. Ni ukuri, n’ukuri ndababwire: Nihagira ico musaba Data cose azokibaha mw izina ryanje. Kugeza ubu nta co mwasavye mw izina ryanje; musabe muzohabwa, ng’umunezero wanyu wuzuzwe.”* **Yohana 16:23, 24**

*“Kand’ ubu ni bwo bushizi bw’ubwoba dufise kuri yo, nukw’iyo dusavye ikintu cose gihwanye n’ivy’ igomba, itwumva. Kandi ko tuzi yuko yumva ico dusavye cose, bitumenyesha yuko duhawe ivyo tuyisavye.”* **1 Yohana 5:14, 15**

### ***Amasezerano Yerekeye Ubushobozi bw’Imana***

*“Mbega har’ ikinanira Uhoraho? Igihe gishinzwe, umwaka ugeze ah’uyu ugeze, nzogaruka i wawe Sara yavyaye umuhungu.”* **Itanguriro 18 :14**

*“Uhoraho ni we agira ngw abarwanire, namwe ni mwinumire gusa.”* **Kuvayo 14 :14**

*“Yesu arabitegereza, arababwira, ati Kubw’ abantu ntigishoboka, ariko ku Mana s’uko, kuko vyose bishobokera Imana.”* **Mariko 10 :27**

*“Ihamagara n’iyo kwizigirwa; no kubikora izobikora.”* **1 Ab’i Tesalinike 5 :24**

*“Ati nzi yuk’ushobora vyose, kandi kw atagishobora kubuza imigabo yawe”* **Yobu 42 :2**

*“Ko bimeze birtyo, tuvuge iki? Bisanzwe Imana iri mu ruhande rwacu, uwoturwanya ni nde? Itimanye Umwana wayo ikamutanga kubwacu twese, izobura ite kutugabirira vyose kuri we?”* **Abaroma 8 :31, 32**

*“Ereg’ Imana s’umuntu ngw ibeshe, Kandi s’umwana w’umuntu ngo yisubiremwo! Ivyo yavuze, mbega ntizobikora? Ivyo yashinze ntizobishitsa?”* **Guharura 23 :19**

*“Ntiwaribwabimenye? Nturavyumva? Uhoraho n’Imana ihoraho, Umuremyi w’impera z’isi; ntadendebukirwa, nta ho aruha; ubwenge bwiwe ntibusesangurika. Ni we aha inkomezi abadendebukiwe, kand’ ūtagira intege amwongeramw’inkomezi. Imisore yodendebukirwa, ikaruha, n’imisore y’imikangara yokwicakw igatemba, arikw abiteze Uhoraho bazokwama biyubura mu nkomezi nsha, bazodūgisha amababa nk’ inkukuma, biruke ntibaruhe, bagende ntibadendebukirwe.”* **Yesaya 40 :28-31**

### ***Amasezerano y’Uburongozi bw’Imana***

*“None si jewe nkwiabarirye, nti Shikama, ushire amanga? Nuko ntutinye, nturanduke umutima kuko jewe Uhoraho Imana yawe ndi kumwe nawe ah’uzoja hose.”* **Yosuwa 1 :9**

*“Kand’ ehe raba ndi kumwe na we, nzokuzigama ah’uzoja hose, kandi nzokugarukana mu’ iki gihugu; kuko ntazokureka ntarakora ivyo nkubariye.”* **Itanguriro 28 :15**

*“Ehe ngira ntume umumalayika imbere yanyu, abazigame mu nzira, abashikane aho nateguye.”* **Kuvayo 23 :20**

*“Arikw iyo nimwaharonderera Uhoraho Imana yanyu, mukamurondeza imitima yanyu yose n’ubugingo bwanyu bwose, muzomubona.”* **Gusubira mu Vyagezwe 4 :29**

*“Ati Mpamagara, nanje ndakwitaba, nkwereke ibihambaye n’ivyikinze, ivy’ utaribwamenye.”* **Yeremiya 33 :3**

*“Umwonga wose uzokuzuzwa, n’umusoji wose n’akarambi bizoringanizwa; ahār’ udutumba hazotega, uduhogoro ducike ikiyaya. Maz’ ubwiza bw’ Uhoraho buzohishurwa, kand’ abafise umubiri bose bazobubonera rimwe, kukw akanwa k’Uhoraho ari ko kabivuze.”* **Yesaya 40 :4, 5**

*“Nzokwigisha nkwereke inzira ucamwo, Nzokugira inama, ijisho ryanje rizokugumako.”* **Zaburi 32 :8**

*“Uhoraho ni we azokuja imbere; azobana nawe, ntazoguheba, ntazoguta; ntutinye, nturanduke umutima.”* **Gusubira mu Vyagezwe 31 :8**

*“Umuntu yubaha Uhoraho ni nde? Azomurangira inzira akwiye guhitamwo.”* **Zaburi 25 :12**

*“Wizigize Uhoraho umutima wawe wose, kandi ntiwishimikize ubwenge bw’iwawe: Umumenye mu ngendo zawe zose, Na we azogorora inzira zawe.”* **Imigani 3 :5, 6**

*“Ugahebera umushonji ivyo wari kurya, uga hāza impahazwa: umuco wawe uzorasira mu mwiza, kand’ umwiza wawe uzohinduka nko ku murango w’amashōka, kandi jewe Uhoraho nzokwama nkurōngōra, nzohāza ubugingo bwawe mu gihe c’ikigatwa, nguhe kunonoka mu magufa yawe; kand’uzomera nk’indimiro ikwegewemw’uruzi, kand’uzoba nk’isōko y’amazi adakama.”* **Yesaya 58 :10, 11**



*“Maze batarampamagara nzobitaba, kandi bakivuga nzobumva.” Yesaya 65 :24*

### ***Amasezerano yo Guhindura Umutima***

*“Kandi nzobaha umutima wo kumenya yuko nd’ Uhoraho: bazoba abantu banje, nanje nzoba Imana yabo, kuko bazongarukanak’ umutima wabo wose.” Yeremiya 24 :7*

*“Kand’ Uhoraho Imana yanyu azokūrah’ ukudakebwa kwo mu mitima yanyu, n’ukwo mu mitima y’uruvyaro rwanyu, kugira ngo mumukundishe imitima yanyu yose, n’ubugingo bwanyu bwose, mubone kubaho.” Gusubira mu Vyagezwe 30 :6*

*“Kandi nzobaha umutima musha, mbashiremwe’ impwemu nsha; nzokūra umutima ukomantaye nk’ibuye mu mibiri yanyu, mbahe umutima woroshe nk’inyama.” Ezekiyeli 36 :26*

*“Kand’ ico nizigiye ntakekeranya, n’uk’ uwatanguye igikorwa ciza muri mwebwe azogiheraheza gushitsa ku musu wa Yesu Kristo.” Ab’i Filipi 1 :6*

*“Nuko rer’ umuntu wese iy’ari muri Kristo, aba ar’ icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha.” 2 Ab’i Korinto 5 :17*

*“Nabambanywe na Kristo ariko ndiho; yamara si jewe nkiriho, ni Kristo ariho muri jewe. Ivyo nkora vyose nkiriho mu mubiri mbikoreshwa no kwizera Umwana w’Imana yankunze, akanyigura.” Ab’i Galatiya 2 :20*

*“Kand’ Imana Nyen’ amahoro ibe ariyo ibeza rwose: kand’impwemu yanyu n’ubugingo bwanyu n’umubiri vyose hamwe bizigamwe, ngo bize bisangwe bitagira umugayo, ah’ Umwami wacu Yesu Kristo azozira. Ibahamagara n’iyo kwizigirwa; no kubikora izobikora.” 1 Ab’i Tesalonike 5 :23, 24*

### ***Amasezerano y’Imbabazi***

*“Maz’ abantu banje bitirirwa izina ryanje nibicisha bugufi bagasenga barondera mu nyonga hanje, bagahindikira bakareka ingeso zabo mbi, nuko nanje nzokwumva ndi mw ijuru, mparire ivyaha vyabo, nkize n’igihugu cabo.” 2 Ngoma 7 :14*

*“Kuko wewe Mwami uri mwiza, ugabirije guharira, Kandi wuzuye imbabazi ku bakwambaza bose.” Zaburi 86 :5*

*“Kandi ni mwahagarara musenga, ni haba har’ico mupfa n’uwundi, mukimuharire, ngo So wo mw ijuru na we abaharire ivyaha vyanyu.” Mariko 11 :25*

*“Mugirirane neza, mugirirane imbabazi, muharirane, nk’ukw Imana nayo yabahariye muri Kristo.” Abanyefeso 4 :32*

*“Ni twatura ivyaha vyacu, ni yo yo kwizigirwa kand’ igororoka, ivyo ni vyo bituma iduharira ivyaha vyacu, ikatwoza ukugabitanya kwose.” 1 Yohana 1 :9*

*“Enda ni muze, twitātūre, ni k’Uhoraho agize; nah’ ivyaha vyanyu vyotukura tukutuku, bizokwera derere nka shelegi; naho vyotukura nk’agahama, bizohinduka nk’ubwoya bw’intama y’umwero.”* **Yesaya 1 :18**

*“Jewe, ni jewe nyene nsibanganya ibicumuro vyawe kubwanje, kand’ ivyaha vyawe sinzovyibuka ukundi.”* **Yesaya 43 :25**

*“Kandi ntibazoba bacigishanya, ng’umuntu wese yigishe mugenzi we, canke ngo yigishe uwo bavukana, ati Menya Uhoraho; kuko bose bazoyimenyera, uhereye kuri nyarucari ugashika k’ūhambaye, ni jewe Uhoraho mbivuze; kuko nzoharira ukugabitanya kwabo, kand’ icaha cabo sinzocibuka ukundi.”* **Yeremiya 31 :34**

*“Muri we ni ho duhērwa gucungurwa n’amaraso yiwe, ni kwo guharirwa ibicumuro vyacu, nk’ukw itunga ry’ubuntu bwayo riri.”* **Abanyefeso 1 :7**

### ***Amasezerano y’Intsinzi ku Caha***

*“Kukw icavyawe n’Imana cose kinesha isi; iyi ni yo ntsinzi yacu yatsinze isi, n’ukwizera kwacu.”* **1 Yohana 5 :4**

*“Ariko mur’ivyo vyose turashishwaho kunesha n’uwadukunze.”* **Abaroma 8 :37**

*“Arikw Imana ishimwe, iduha gutsinda kubw’ Umwami wacu Yesu Kristo.”* **1 Ab’i Korinto 15 :57**

*“Ntutinye, kuko ndi kumwe na we; ntukihebure, kuko nd’ Imana yawe: nzogukomeza, nzogutabara, mbere nzokuramira n’ukuboko kw’i buryo kw’ukugororoka kwanje.”* **Yesaya 41 :10**

*“Kandi hamwe n’ivyo vyose mwābire inkinzo y’ukwizera, ni yo muzoshoboza kuzimisha imyampi ya wa Mubi yose yaka umuriro.”* **Abanyefeso 6 :16**

*“Nabambanywe na Kristo, ariko ndiho; yamara si jewe nkiriho, ni Kristo muri jewe. Ivyo nkora vyose nkiriho mu mubiri mbikoreshwa no kwizera Umwana w’Imana yankunze, akanyigura.”* **Ab’i Galatiya 2 :20**

*“Kukw Imana ariyo ikorera mu mitima yanyu, ikabaha gukunda no gukora ibiyihimbara.”* **Ab’i Filipi 2 :13**

*“Ndavuga nti Mugendeshwe na Mpwemu, ni ho mutazoshitsa ivy’ akameremere kanyu kifuza.”* **Ab’i Galatiya 5 :16**

*“Imana nyen’amahoro izofyonyorerera satani vuba musi y’ibirenge vyanyu. Ubuntu bw’Umwami wacu Yesu Kristo bubane namwe. Amen.”* **Abaroma 16 :20**

*“Ntimushushanywe n’ivy’iki gihe, yamara muhinduke rwose, mugize imitima misha, kugira ngo mumenye neza ivy’ Imana igomba, ni vyo vyiza bishimwa, bitunganye rwose.”* **Abaroma 12 :2**

*“Ntimugakunde isi, cank’ibiri mw isi. Umuntu niyakunda isi, ugukunda Data wa twese ntikuzoba kuri muri we.”* **1 Yohana 2 :15**

### **Amasezerano yo Gukiza Indwara**

*“Arababarira, ati Nimwagira umwete wo kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mugakora ibitunganye mu nyonga ziwe, mukwumvira ivyagezwe vyawe, mukitondera ivyo yihanikirije vyose, ngo Nta ndwara azobateza nk’izo yateje Abanyegiputa; ngo Kukw’ari we Uhoraho, abakiza indwara.”* **Kuvayo 15 :26**

*“Ibihindizo vyawe bizoba ivyuma n’imiringa, Kand’ ukw imisi yawe ingana, ni kw inkomezi zawe zizongana.”* **Gusubira mu Vyagezwe 33 :25**

*“Mutima wanjye, himbaza Uhoraho; ntiwibagire ivyiza yakugiriye vyose. Ni we aharira ibigabitanyo vyawe vyose, Agakiza indwara zawe zose, Agacungura ubugingo bwawe ngo ntibuje mu mahonero, Akakwambika imbabazi no kugirirwa neza nk’igitsibo, Agahaza ubukambwe bwawe ivyiza, Agatuma usubira mu busore busha bumeze nk’ubw’inkukuma.”* **Zaburi 103 :2-5**

*“Ntukiyite umunyabwenge wewe ubwawe; Utinye Uhoraho uve mu bibi: Ivyo bizogutera kunonoka mu mubiri, no kugira umusokoro mu magufa yawe.”* **Imigani 3 :7, 8**

*“Yarakēngērwa, agahurwa n’abantu, yar’ umunyamibabaro, yarazi intimba ic’ari co, yakengerwa nk’umuntu abandira bahisha mu maso habo, na twe ntaco twamwibajijeko. N’ukuri n’izacu ntimba yishizeko, n’iyacu mibabaro yikoreye; ariko tweho twamwiyumviriyeye nk’uwakubiswe, nk’uwacumiswe n’Imana, akicurikirizwa n’akabonge. Yamara yacumitiwe ivyacu bicumuro, yajanjaguriwe ivyacu bigabitanyo: igihano kituronkesha amahoro cabaye kuri we, kand’imishishagu yiwe ni yo idukiza.”* **Yesaya 53 :3-5**

*“Mvūra, Uhoraho we, nanje ndakira; undokore, nanje ndarokoka: kukw ari wewe shimwe ryanje.”* **Yeremiya 17 :14**

*“Ariko nzosubira kugukomeza, nzogukiza ibikomere vyawe, ni jewe Uhoraho mbivuze; kuko bakwise uwirukanywe, bati Ni Siyoni hatagifise uhababara.”* **Yeremiya 30 :17**

*“Nti Rāba nzohazanira gukira no kuvugwa, kandi nzobavura; nzobahishurira amahoro be n’ukuri vy’isinzi.”* **Yeremiya 33 :6**

*“Ariko mweho abubaha izina ryanje izuba ry’ubugororotsi rizobarasira, rifise ugukiza mu mababa yaryo. Maze muzosohoka mukina amatavu nk’inyana zivuye mu ruhongore.”* **Malaki 4 :2**

*“Muri mwebwe namba harih’urwaye, natumekw abashingantahe b’ishengero, baze kumusengera, bamusige amavuta ya elayo mw izina ry’Umwami wacu. Kand’ ugusenga gufataniye n’ukwizera kuzokiza umurwayi, Umwami azomuyura: kand’ asanzwe yarakoze ivyaha azobiharirwa.”* **Yakobo 5 :14, 15**

### ***Amasezerano yo Guhabwa Inkomezi zo Kurangura Ishaka ry’Imana***

*“Nico gituma tutihebura; ariko, nah’ umuntu wacu wo ku rukoba arikw arabora, umuntu wacu w’imbere yama ahinduka musha uko bukeye. Kukw amarushwa yacu ahwahutse y’akanya ka none yiyongeraniye cane kudushikiriza ubwiza buremereye bw’ibihe bidashira. Natwe ntituraba ku biboneka, ariko turaba ku bitaboneka: kukw ibiboneka ar’ ivy’ igihe gito, arikw ibitaboneka bikaba ivy ibihe bidashira.”* **2 Ab’i Korinto 4 :16-18**

*“Twame dukora ivyiza, ntiducobogore, kukw igihe ni cashika tuzokwimbura, ni tutarambirwa.”* **Ab’I Galatiya 6 :9**

*“Nshobozwa vyose n’ũmpa inkomezi.”* **Ab’i Filipi 4 :13**

*“Kukw Imana ari yo ikorera mu mitima yanyu, ikabaha gukunda no gukora ibiyihimbara.”* **Ab’i Filipi 2 :13**

*“Arambarira, at’Ubuntu bwanje buraguhagije; kuk’ ubushobozi bwanje buhingurirwa mu ntege nke. Nuko canecane nzonererwa kwirata intege nke zanje, ng’ ubushobozi bwa Kristo bunzeke.”* **2 Ab’i Korinto 12 :9**

### ***Amasezerano yo Kuba Iyabona vy’Imana***

*“Mwoye gutinya canke guhagarika umutima: kera sinababariye nkabiserura? Namwe mur’ ivyabona vyo kunshingira intahe. Har’ iyindi Mana atari jewe? Mbere nta kindi gitandara kiriho: jewe nta co nzi.”* **Yesaya 44:8**

*“Haguruka ukayangane, kuk’umuco wawe ushitse, kand’ ubwiza bw’Uhoraho bukaba bukurasiye.”* **Yesaya 60:1**

*“Arikw ivyo vyose biva ku Mana, yatwiyujuje kubwa Kristo, ikaduha igikorwa co kugabura umwuzuzo.”* **2 Ab’I Korinto 5:18**

*“Arik’ Uhoraho arambarira, ati Nta co uvuga, ngo Ndacari muto; kuk’uwo nzogutumako wese ari we uzojako, kand’ ico nzokubarira cose akaba ari co ukwiye kuvuga.”* **Yeremiya 1:7**

*“Ariko muzohabwa ubushobozi, Mpwemu Yera ni yabazako, muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yerusalemu, n’ i Yudaya hose, n’ i Samariya, no gushitsa ku mpera y’isi.”* **Ivyakozwe n’Intumwa 1:8**

*“Ariko mweho mur’ ubwoko bwatoranijwe, mukoranije kuba abaherezi, mur’ ihanga ryera, abantu bashiriweho kuba inyegu yiharije, kugira ngo mukwize ishimwe*

*ry'Iyabahamagaye, ikabakura mu mwiza, ikabashitsa mu muco wayo utangaje.” 1 Petero 2:9*

*“Ariko mwubahe Kristo mu mitima yanyu kw'ari we Mwami, muhore mwiteguye kwishura umuntu wese ababajije inyanduruko y'ivyizigiro biri muri mwebwe, ariko muri n'ubugwaneza, mutinya.” 1 Petero 3:15*

### **Isabato yo Guhimbaza**

Isabato ya nyuma y'imisi cumi yo gusenga muyigire umusi wo guhimbaza ubwiza bw'Imana n'ubushobozi bwayo. Ni mubwire abandi ingene mwabonye ubushobozi bw'Isengesho hamwe n'inkuru nziza y'ubutumwa bwiza butazoshira muri iyi misi cumi iheze. Muhimbarwe n'ivyo Imana yakoze, ivyo iriko irakora hamwe n'ivyo izokora.

Ubukene bwa buri shengero burisa, kubw'ivyo korana n'abarongozi b'ishengero ry'intango kugira ngo mutunganye indinganizo ihuye n'ubukene bw'ishengero ryanyu. Ibi ni bimwe mu vyoshirwa mu nteguro zo gusenga kw'isabato ya nyuma.

#### **Icivugo**

“ Ariko iyo musenga...”

#### **Umurongo w'urufatiro**

“ Nuko musenge murtya, muti Data wa twese wo mw ijuru, izina ryawe ryubahwe, ubgami bgawe buze, ivyo ugomba bibe mw isi nk'uko biba mw ijuru. Uduhe ivyo kurya dukwiranye uyu musu; uduhebere imyenda yacu, nk'uko natwe twahebeye abari mu myenda yacu; kandi ntutujane mu bitwosha nabi, arik' udukize wa Mubi. [Kuk' ubgami n'ubushobozi n'icubahiro ar' ivyawe ibihe bidashira. Amen.]” (Mat 6:9-13)

#### **Indirimbo zishobora gukoreshwa :**

Ubu ni Amahoro mu Mutima Wanje ya 34

#### **Ivyiyumviro Vyokwisunga mu Nsiguro :**

Umwungere, umukuru w'Ishengero canke uwundi mwizera ashikirize insiguro ngufi ku kugene twoshobora kubaho twisunze isengesho ry'Umwami wacu.

#### **Canke**

Musabe abitabiriye imisi cumi yo gusenga bashikirize bakurakuranwa mu minota ibiri canke umwe incamake y'ivyigwa vy'indongozi y'amasengesho ku musu ku musu.

Bavuge umutwe w'icigwa, umurongo w'ishimikiro, hamwe n'iciyumviro nyamukuru c'icigwa. (Mubitegekanye hakiri kare kugira ngo ntibaze bararenza umunota umwe canke ibiri. Ku bantu benshi umunota umwe uhura n'amajambo hagati ya 125 na 150)

### **Canke**

Musabe abantu batatu b'imyaka itandukanye bategure ivyo boshikiriza bimara iminota itanu, ku buryo bihererana n'Imana ku giti cabo.

Ikigeretseko saba umuryango umwe canke ibiri basabikanye n'abandi ivyiyumviro vy'ingene babayeho ubuzima bwabo bwa Gikristo.

Murangize mugira umuhamagaro kubumviriza kugira ngo ubukristo bwabo bushingire kuri Kristo we nyene, kuri Bibliya kandi bagire imico n'imigenzo bishingiye ku vy'agaciro twasomye mur'iyi misisi 10 y'amasengesho.

### **Imitwari yo Gusengera yo ku Rwego rw'isi Yose**

1. Mana turakwinginze, reka ikangura rikomeye ry'ukugororoka kwa mbere rishike mw'ishengero ryawe muri iyi misi ya nyuma. Dushobore guhagararira ukuri naho ijuru ryokoroka.
2. Mana, twereke uko twobaho tugusenga buri musu, umuntu wese ku giti ciwe, canke nk'umuryango.
3. Mana, ugurura amaso yacu tubone ibidusamaza vyo mu buzima bwacu. Ibintu bituma tudakomeza kuguhanga amaso. Dufashe tugesenge n'imutima yacu yose.
4. Mana dufashe ngo twame tuvuka buri gatondo cose, uko hoba hakiri kare kwose, ngo turonke umwanya uhagije kandi mwiza wo kwiga Ijambo ryawe no gusenga.
5. Turagusavye ngo udushoboze kuza kuri wewe uko turi kwose, uko twiyumva, ubunyantegenke bwacu, ivyaha vyacu, hamwe n'ivyo dukeneye vyose, kandi utwemerere udukunde, maze utugire abantu wifuzako tuba.
6. Mana twigishe uko dusaba umubatizo wa Mpwemu Yera buri musu
7. Turasenze ngo imvura y'urushana ya Mpwemu Yera ikomeze igishingantahe cacu kandi bidushoboze kurangiza igikorwa Imana yaduhaye imbere yuko Yesu agaruka.
8. Mwami suka umuvyuro ukomeye nk'uwahoze mw'ishengero ry'intumwa wiganze mw'ishengero ryawe mur'iyi misi y'iherezo. Duhagararire ukuri n'aho ijuru ryokoroka
9. Mwami twereke uburyo dukwiye kwiyungira mw'isengesho rya buri musu, ryo mu mwiherero kandi ryo mu muryango
10. Mwami twugurure amaso tubone ibisamaza vyo mur'ubu bugingo. Ibintu bitubera intambanyi yo kukwiyegurira buri musu. Duhe umutima wo kugusegana umutima uhuye

11. Mwami, dushoboze tukwemerere kwama watuvyuye buri gatondo, mbere mu gaturuturu, kugirango tuze tumara akanya mu kwiga ijambo ryawe, no mw'isengesho dutekanye atabiriko biduhutagiza.
12. Turagusavye ng'udushoboze kuza kuri wewe uko turi, n'ibigumbagumba vyacu vyose, n'ubunyantegye nke bwacu, n'ivyaha vyacu vyose, mbere tukwemerere udukunde, uduhindure uduhingure ngo tube abo ushaka ko tuba.
13. Mwami, twigishe uko dusenga dusaba umubatizo wa Mpwemu umusi ku musi
14. Turasengeye umubatizo wa Mpwemu w'imvura y'urushana kugirango ikomeze igishingantahe cacu kandi inadushoboze kwiye gurira igikorwa cawe waduhaye gukora imbere yo kugaruka kwawe
15. Twereke uburyo twokunda imiryango yacu tukayitangira unatwereke uko twohindura abantu abigishwa, duhereye ku bana bacu bwite hamwe no gukundana ubwacu
16. Turasengeye ubwenge bwo guserangura, gutahura no gukurikira ijambo ry'Imana. Mwami, turakwinginze ngo wugurure imiryango kugirango ijambo ryawe rivugwe mu bibanza vyiyugaranye kubw'ubutumwa.
17. Mwami turakwinginze ngw'ishengero ryawe kw'isi yose ryitangire gutangaza ubutumwa bw'abamalayika batatu mu mahanga yose, mu ndimi zose. Twereke uburyo ibi vyose vyoshimikira ku rukundo, n'ukugororoka kwa Kristo.
18. Mwami, dufashe kwereka akarorero keza ku bana bacu n'abakiri bato uburyo bwo kubaho twisunze ubutumwa bw'abamalayika batatu
19. Data, fasha Abadiventiste bo kw'isi yose bitabe uwu muhamagaru wa "Ndagenda" kandi ngo bahitemwo umuhamagaru wo kugukorerera no kuvuga ubutumwa bwiza bw'agakiza.
20. Turasengeye abakora igikorwa c'ubuganga, abashakashatsi, abarongozi b'ivy'intwari hamwe n'abarongozi mu vy'amagara ubahe ubwenge mu ngingo nyinshi bafata.
21. Turasengeye Abadiventiste bo kw'isi yose kugirango batange ubufasha budasanzwe hamwe n'indemesho kur'abo bababaye. Duhe umwete, gushiraho uburyo bwo gukora, udukuremwo impwemu y'ukwikunda kw'ababanyi bacu badukeneye cane.
22. Turasengeye abo ubutunzi bwabo bwahungabanijwe no gutakaza akazi kubw'amahinduka y'ivy'ubutunzi.
23. Mwami, turakwinginze ngo wereke abayobozi b'ishengero uburyo bwo gufasha abo baruhijwe n'ingorane z'ingwara zo mu mutwe kandi bugaranywe.
24. Turasengeye aba pasitori n'amashengero ngo baronke inzira irashe yo kuzigama umukuku mu gusengera hamwe ubudahumeka. Mwami fataniriza hamwe ishengero ryawe mu gusenga no mu gikorwa.
25. Turasengeye ikangura ryo mu vya Mpwemu hagati mu Badiventiste b'umusi w'indwi bo mu mashure yisumbuye na za kaminuza zo kw'isi yose. Bafashe nyabuna ngo babe abaserukizi b'ukuri ba kristo

26. Turasengeye ama purusa 69 bo mw'isi batarigera basigurirwa ku mugaragaro ivya Yesu.
27. Turasengeye ama miliyoni 62 y'abantu bo mu bisagara 28 vyo mu ma Leta y'aba Soviyete (Division Euro-Asiatique).
28. Turasenze kugirango Imana ihagurutse abakorana bushake (Missionnaires) bishimiye gukora mu migwi y'abantu igera kuri 746 mu bihugu 20 vyo mu buseruko bwo hagati.
29. Mwami turakwinginze ng'uhagurutse abanyeshure b'Abawaridensi bo mu misi ya nyuma kugira bagukorere mu turere tugoye
30. Turasengeye abizera b'Abadiventiste b'umusi w'indwi bari mu gahamo canke bapfunzwe bahorwa ukwizera kwabo.
31. Turasenze kugirango ama miliyoni 202 y'abantu bo mu bisagara 41 bitarashikirwa neza n'ubutumwa vyo muri Diviziyo ya Aziya na Pacifique ngo bamenye Yesu.
32. Turasengeye ishure ry'Isabato hamwe n'igisata c'ibikorwa vy'ab'abanyeshengero kuri bur'ishengero ry'intango kugirango barondere indinganizo y'Imana kandi ngo bihatire gushikira imiryango itandukanye biciye mu bikorwa vy'urukundo, ivyigwa vya bibiliya hamwe no gushinga intahe kwa buri wese.
33. Turasengeye ADRA kugirango ibere inyishu ibereye ku bw'ingorane zo mw'isi
34. Turasengeye imiliyoni 16 ziba mu bisagara 6 bitarashikirwa neza n'ubutumwa vyo muri Diviziyo ya Pacifique yo mu bumanuko
35. Turasenze kugirango Mpwemu yera adufashe kumenya uko twoshikira imiriyoni 406 z'abantu baba mu bisagara bitarashikirwa n'ubutumwa neza vyo muri Diviziyo ya Aziya na Pacifique ya Ruguru
36. Mwami, turakwinginze ngo uhezagire igikorwa c'ivugabutumwa mu bigo vy'Abadiventiste kugirango gishishikarize abajejwe ico gikorwa mu bigo hamwe mbere n'abizera babinezereye kugirango barangure ico gikorwa ku masinzi y'abapfunzwe.
37. Mwami turasengeye abigisha b'Ishure ry'Isabato. Bafashe kumenya ukugene igikorwa cabo kidasanzwe ku bana bacu
38. Mwami turagusavye ngo utuyobore kubw'ibigo vyo gukwegakwega abantu, integuro z'ivy'amagara no mu miryango hamwe n'imigwi y'abatwara muco mw'isi yose
39. Mwami, twereke uko dukwiye kurungika ibitabo n'izindi nyandiko mbere no mu vy'ubuhinga ngurukana bumenyi vyuzuyemwo ukuri kw'iki gihe tubirungikira imiryango y'ababa mu turere dutandukanye. Turasenze kugirango abantu bazisome kandi Mpwemu Yera abemeze ukwo kuri kwa Bibiliya.
40. Mwami, turagusavye ngo uzigame abakorana bushake bakorera mu bibanza bigoye
41. Turagusavye ngo uhagurutse abavugisha ubutumwa ibitabo, abanyeshure bitangira ivugabutumwa, abanditsi, abahinga muvy'itumatumanako ry'amakuru, kandi haboneke n'ubufasha kugirango bikunde gushwiragiza ubutumwa bw'ivyizigiro kandi buzana ubugingo



42. Turasengeye amashure yose y'Abadiventiste, abanyeshure n'abigisha kw'isi yose. Turasenze kugira ayo mashure yigishye mu bwizigirwa ukuri kwa Bibiliya kandi bayoborere urwaruka mu gikorwa cawe kandi bagirane imigenderanire Rukristo.
43. Mwami duhe ubwenge bwo gushikira imiryango ititaho ivy'Imana. Emerera Mpwemu wawe guseniyura ibihome bizengurutse imitima ataco yitaho mu vy'Imana.
44. Duhezagire mu gihe twegera abagizwe abaja mu vyo gusenga ibigirwamana hamwe n'imyizere y'ubukoko. Dushoboze kubatahura kubw'iyi mbono yabo hama tubahamagarire kurondera agakiza kabo
45. Mwami turagusavye uhumekere Abadiventiste b'Umusi w'indwi kugirango basenge kuruta uko bigeze kubikora. Twigishye kwishuza amasezerano kandi twame twiteze ko ugiye kwimura imisozi igihe cose tubisavye.
46. Turasengeye imigwi y'abantu bagera kuri 541 baba mu bihugu 18 vyo muri Diviziyo ya Africa y'amajaruguru n'ibahari Indiyano. Barongore ubashitse ku kuri.
47. Twereke uburyo bwo gushira mu ngiro mu gushitsa ivy'impuzi zikeneye. Reka ishengero ryacu rimenyekanire ku rukundo ku bantu bose tutitaye ku bwoko bwabo canke iyo bava.
48. Turagusavye ngo uhagurutse abakoranabushake bo mu bisagara kugirango bashing amashengero mu migwi y'abantu bashika ku 806 bo mu bihugu 20 vyo muri Diviziyo Inter-Europeenne.
49. Turakwinginze uhagurutse igisirikare c'abakozi ngo bashinge amashengero mu migwi ishika kuri 948 yo mu bihugu 38 vyo muri Diviziyo ya Inter-Amerika.
50. Turakwinginze utwigishye kwigisha imyizerere yacu mu buryo bwumvikana, mu nzira zitandukanye hamwe n'ukuri kwose kwa Bibiliya. Turagusavye ng'urukundo rwa Yesu rube ku ntimatima y'ivyizerwa vyacu vyose.
51. Mwami tegura urwaruka kugirango bashinge amashengero mu mirwi igera kuri 789 y'abantu baba mu bihugu 9 vyo muri Diviziyo ya Amerika ya Ruguru.
52. Turagusavye utegure abakorana bushake kugirango bafashe imigwi 70 y'abantu baba muri Isilayeli.
53. Turakwinginze ngo uhagurutse abaranabushake b'abaganga kugirango bashinge amashengero mu migwi igera kuri 830 y'abantu baba mu bihugu 11 vyo muri Diviziyo ya Afirika yo hagati n'ubuseruko.
54. Turagusavye ngo uhagurutse abasirikare barwanisha amashengesho kugirango basengere imirwi igera kuri 2568 y'abantu baba mu bihugu 4 vyo muri Diviziyo ya Afirika ya Aziya yo mu bumanuko.
55. Emerera imiryango yacu kugirango ihishure urukundo mu miryango yacu. Turagusavye ng'ushire umwumvikano mu miryango yacu, ng'ukize imigenderanire yacu yononekaye, ng'ukingire ababangamiwe n'amarushwa mbere kandi uhishure ubushobozi bwawe bweza mu bihe bigaragara ko ata vyizigiro.

56. Turakwinginze ngo uhagurutse abaganga kugirango bashinge amashengero mu migwi igera kuri 1978 y'abantu baba mu bihugu 22 vyo muri Diviziyo ya Africa y'uburengero no hagati.
57. Turasengeye abantu bagera ku miliyoni 49 baba mu bihugu 19 bigoye gushikirwa vyo muri Diviziyo ya TransEurope.
58. Turasengeye abana bacu. Bahe ububasha bwo kukuvugira bashize amanga imbere y'intambamyi nyinshi n'ibirusha. Bafashe gufata ingingo zibereye no mu guhagararira ukuri
59. Twigishe gukurikira akarorero ka Kristo ko kwiyanka mugushira mu ngiro ivy'abantu bakenera buri musu na cane cane ku bantu twegeranye. Duhe uburyo bwo kugukorera nk'abakoranabushake b'abaganga, abakoranabushake bo mu kibano no kuba abagenzi b'abakene.

### **IVYEREKEYE UMWANDITSI**

Pavel Goyiya afise impamyabushobozi y'ikirenga (DMin) mu bijanye n'igikorwa c'Imana kandi n'umwungere yerejwe igikorwa, n'umuhinga mu kuvugira imbere y'abantu benshi ariko kandi ni n'umwanditsi. Igikorwa c'Imana yagitanguriye mu mu gihugu c'iwabo ar'ico Romaniya.

Pavel hamwe n'umukenyenzi wiwe Daniela bahavuye bimukana n'abahungu babo babiri baja muri Leta zunze ubumwe za Amerika aho yaragiye kubandaniriza amashure ajanye n'igikorwa c'Imana. Yayoboye amashengero menshi muri Romaniya no muri Leta zunze ubumwe za Amerika kandi yagandagenze hirya no hino mw'isi avuga kandi yigisha ku bijanye n'ugusenga hamwe n'ibindi. Niwe yanditse igitabo kimwe kivuga ngo *Igitangaza kimwe, inyuma y'ikindi: Inkuru ya Pavel Goyiya* kandi yanditse ibinyamakuru vyinshi cane, yongerera kandi yandika igitabo *Mu Mpwemu no mu Bushobozi*.

Uyu musu Pavel yungirije uwujwe igisata c'abungere mu nama nkuru rusangi (Conference Generale) akaba kandi ariwe ayoboye ikinyamakuru c'abungere kw'isi yose. Akunda kumarana umwanya munini n'umugore wiwe Daniela, abahungu biwe babiri, abuzukuru biwe bane, hamwe n'imbwa yize akunda cane.

***Iki gikoresho c'imisi cumi yo gusenga categuwe n'Ishirahamwe ry'Abungere ku rwego rukuru rw'Ishengero ry'Abadventiste b'Umusi w'Indwi kw'isi yose.***

## Umusi wa Mbere: Igenekerezo rya 08 Nzero 2025

### MUGUME MURI JEWWE

“Ni jewe muzabibu, namwe mur’amashami: uguma muri jewe, nanje nkaguma muri we, uwo ni we yama cane, kukw ataco mubasha gukora mutamfise” (Yoh 15:5).

#### Kuguma twomatanye-icankenerwa kizima kugira dushobore kwama

Igihe nari mpejeje kuronka urupapuro rw’umutsindo, nahamagariwe kuja mu Ntara mvugabutumwa yari igizwe n’udushengero dutatu dutoduto. Hari mu rushana. Rimwe mur’ayo mashengero ryari rifise abizera bashaje cane. Kw’Isabato nziza iraha, nk’uko umenga hari ku musi wa Noweri, dushobora kuba twari dufise abantu bagera ku 40. Hama ku masabato atagiriwe amahirwe nayo wasanga dufise abantu bagera kw’icumi (10).

Isabato imwe mur’izo hari hakanye hafi nk’amadogere (igipimo c’ubushuhe) ari musi ya 0 °C (-32°F), maze abantu bagera kuri cenda barahaguruka maze baridondora: umuryango wanje ugizwe na bane hama uwundi nawo ugizwe na batanu. Narahejeje ndibaza nti mbega aha nyene ndashobora gusigura? Umukuru w’ishengero mukuru, yari umugore w’umutamakazi yari afise nk’imyaka 90, maze aca agira ati “Tugomba dutange ibigiracumi maze uce usigura.” Maze nca ndabikora.mu nsiguro nisunze Yohana 15: 4-8. Mu mirongo 4 yose, Yesu yaravuze yongerera asubiramwo ati “Mugume muri jewe incuro 3”. Mu migenzo y’Abaheburayo ikintu casubiramwo incuro 3 caba gihambaye, kandi mbere ari ic’ingirakamaro. Maze ndavuga nshimitse ko ivyo dukora mu buzima rukristo bidahagije. Mu gihe twahamagariwe kuba abasuku mu gukora, twebwe ubwacu ntutuzigera tubona ikizovamwo nk’inyishu y’ivyo bikorwa. N’ubwo biruko Yesu ubwiye yaravuze mw’ijambo ryiye yuko nitwaguma muri we ico tuzosaba cose kizotuberako. Nta makenga arimwo; ibi vyarashingiye intahe ijana kw’ijana, natwe tuzororanyirwa ijana kw’ijana.

Maze rero ndaheza mbwira abariko baranyumviriza nti: “Ntitwerekana ibikorwa vyukuri bidasanze kubwo ivyo dushobora gukora ariko n’ivyo Imana ishobora gukora.”

Umwanditsi Ellen G. White yaravuze ati: “Kugirango uroranyirwe, ntibizovana n’ubushobozi bwawe uriko ukoresha canke ubwo wimirije kuzoronka. Ahubwo n’ubushobozi Umwami wacu ashobora gukorera muri wewe. Dusabwa kwizigira gake ivyo dushobora gukora ariko twizigire cane ivyo Imana ishobora gukora biciye mu mushaha wizera” (Christian Service p. 262).

Narabwiye rya koranirwa rito nti isengesho “Niryongera ry’inkomezi mu vya Mpwemu” (Prayer, p 12). Ridufatanyaga “N’isoko y’inkomezi” (Prayer, p 172) isengesho riduha uburenganzira bwo gushika ku masoko adakama y’Imana (Steps to Christ p 95). Nico kirwanisho kitananyirwa ku bitero vya Satani (Testimonies for the Church, Vol 1 pp 295, 296, 345, 346).

Narababwiye isezerano riri muri Matayo 18: 19, 20. “Kandi ndababwirako ukuri yukw ababiri muri mwebge ni bahuriza inama mw’isi gusaba ikintu cose, Data wo mw ijuru azokibakorerako. Kukw aho babiri canke batatu bazoba bakoranyirwa mw izina ryanje, nanje nzoba ndi hagati muri bo.” Ntabwo rivugako ari abantu 200 canke 300 ariko nyabuna 2 canke 3 ni bahuriza ku

gusaba ikintu mu bumwe. Kandi ntiyishura avuga ati nshobora kuzobikora, ariko ivuga iti “Nzobikora”.

Nabwiye abariko banyumviriza nti “Ntabwo ari akaryo ko kwiycarira ntihagire ico dukora. Dutegerezwa gusenga kandi dukora, kandi Imana izokwizanira inyishu ku mpinduka zikenewe.” Cari igisiguro kidasanze ku bushobozi bw’amasengesho.

Igihe twe n’umufasha wanjye twariko tunyonga umuduga dutaha, naramubwiye nti: “Emwe reka tugende, nta vyizigiro na bike bihari, eka mbere icokorwa cose mur’iri shengero kugira ngo abizera biyongere”. Niho rero umufasha wanjye yaca ansubiriramwo ca gisiguro nasigura, ambaza ati “Kubw’isezerano rya Yesu, ni kuki utobahamagarira gusenga?” Narabikoze ariko nuzuye gukekeranya. Abo bakenyezi bake bagiye baza buri gitondo 6h30, dusengera hamwe dusaba Mpwemu Yera, gukura kw’ishengero, gusengera imiryango, dusengera igisagara, umugambi w’Imana kw’Ishengero ryacu, intumbero irashe dukwiye gukora. Mu mezi atatu gusa, ishengero ryari rimaze kubamwo abaza gusenga bagera kw’ 120.

Imana iraguhamagarira gushishikara kuguma muri yo, usenga ubudahumeka, ntimwigere mwidohora ngo mutandukane nawe, nyabuna mugendane nawe. Aguhamagarira kuguma kuriwe, hama nawe ng’umuhamagarire kuguma muri wewe buri musi. Iryo niryo soko rukumbi ry’inkomezi zawe. Aho niho hari gutekanirwa kwawe. Uko uzorushiriza kunywana na Yesu, Satani nta bubasha azokugirako ukundi. Kristo muri wewe kandi nawe muri Kristo niyo nzira yonyene yo gukura no kuroranirwa.

Reka dusengere hamwe.

### **Umwanya wo gusenga (Hagati y’Iminota 30-45)**

*Imirwi yose y’amasengesho ifise inzira zitandukanye zo gusengera hamwe. Turagutera umwete wo kumara iminota hagati ya 30 na 45 mw’isengesho rya rusangi, mu nzira iyo ariyo yose Mpwemu Yera aza kukuyoboreramwo. Turahimiriza ngo habe isengesho rito rimeze nk’ikiyago kigizwe n’amungane ava kuri rimwe (1) kugera kuri atatu (3). Ibi bizofasha abantu benshi gusenga kenshi gashoboka. Aha musi hari uturorero two gusenga biciye mu vyanditswe hishimikijwe ivyiyumviro vyo mu Vyanditswe Vyera. Murashobora gusenga biciye mu bindi bigabane vy’Ivyanditswe maze mushobore no gushiramwo ibindi vyiyumviro vyo gushimikirako. Ni murabe icerekezo co kwisunga mu masengesho hamwe n’imitwari yo gusengera mw’ishengero kw’isi yose.*

### **Musenge biciye mw’ijambo ry’Imana –Yohana15:5**

“Ni jewe muzabibu, namwe mur’amashami: uguma muri jewe, nanje nkaguma muri we, uwo ni we yama cane, kukw ataco mubasha gukora mutamfise” (Yoh 15:5)

### **“Mugume muri jewe nanje ngume muri mwebwe”**

*Yesu, twigishe uko twoguma muri wewe buri musi. Tudagufise tumeze nk’amashami yumye kuko yatandukanye n’umuzabibu wo soko y’ubugingo. Gendana natwe, korera muri twebwe, kandi uvugire muri twebwe. Turakwinginze ng’ushishikare kwibera mu mitima yacu, kandi werekanire muri twebwe urukundo ukunda isi biciye muri twebwe.*

### **Muzokwama ivyamwa vyinshi**

Mwami, turazi ko ukugororoka kwose kuva kuri wewe. Ingo muri twebwe ivyamwa vya Mpwemu Yera bidudubize mu buzima bwacu. Twuzuze urukundo rwawe, umunezero, ukwihangana, ubugwaneza, ukwizera, ubuntu hamwe no kwigengesera mu kwirinda. Twemerere ubuzima bwacu bugaragarize uwo duhura wese kamere yawe itagira agasembwa.

« **Ntaco mushobora gukora mutamfise** »

Mwami, ukugororoka kwacu kumeze nk'impuzu ishaje. Kenshi turica amasezerano, tukihora abansi bacu mbere tugakomeretsa abakunzi bacu. Tugiye kure yawe, turabura gifasha tukanatakara. Turakeneye urukundo rwawe, ukwihangana kwawe, ubuntu bwawe busage imitima yacu imisi yose. Twemerere utugumize iruhande yawe.

### **Ubundi buryo bw'amasengesho**

**Amashimwe no gutazira:** tanga amashimwe yawe kubw' imigisha yihariye wongere uhimbase Imana kubw' ukugira neza kwayo

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambanyi zikunda kwibonekeza n'ingingo zama zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw'Ishengero ku rwego rw'akarere (raba urupapuro rutandukanye ruriko imitwaro).

**Imitwaro yanyu:** Sengera imitwaro y'abizera b'ishengero ryanyu, umuryango n'ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana hama wishurisha amashimwe canke indirimbo.

**Indirimbo zo gukoresha:** Indirimbo y'122.

## Umusi wa Kabiri: Igenekerezo rya 09 Nzero 2025

### TWIGISHE GUSENGA.

“Maz' ar' ahantu, asenga; ahejeje, umwe mu bigishwa biwe aramubgira, ati Mugenzi, twigishe gusenga, nk'uko Yohana yigishije abigishwa biwe” **Luka 11:1**

Isengesho n'iry'ingirakamaro, mbere ni rizima.

“Buri gatondo, fata akamenyero ko gutangura ibikorwa vyaw ubanje gusenga. Ntukigere wibaza ko ari guta umwanya, uwo n'umwanya uzokwamaho imyaka n'imyaka. Ibi bisigura kuroranirwa kandi kunesha mu buryo bw'impwemu kuzoboneka mur'ivyo.”

Abigishwa kenshi bama babona Yesu ariko asenga. Bahavuye bahinyura ko afise umwanya wo gusenga utandukanye n'uwabo. Abigishwa rero bari abantu beza mu kwizera. Bari bamaze kwegurira imitima yabo Imana kandi biteguye kuyikorera. Bama bagenda mu rusengeru, bubahiriza Isabato, bakagarura icacumi mu bwizigirwa, kandi bafungura imfungurwa zitazira. Umuntu wese muri Isirayeli, mu buryo bw'umwihariko, yarazi uko akwiye gusenga, siko?

Turibaza ko tuzi uburyo bwo gusenga. Mbere n'abana barazi uburyo bwo gusenga. Ariko igihe abigishwa baraba Yesu ariko asenga-maze bakagereranya amasengesho yabo n'ayiwe-bahavuye batahura ko batigeze bamenya gusenga. Ni nayo mpamvu bahavuye bavuga bati: “Twigishe gusenga” (Luka 11:1).

Twiyumvira ko isengesho ari ikintu gisanzwe. Kandi nivyo, Imana ishobora no kwumviriza isengesho risanzwe. Ariko rero dutegerezwa kubandanya tunagura uburyo bwo gusenga mu buzima bwacu.

Abigishwa ba Yesu baribaza ko bashobora gusigura ariko nta numwe muribo yari abinezereye. Bari bagerageje gukiza no kwirukana amadayimoni ariko nta nkomezi bari bafise. Maze babaza Yesu bati: “Mbega wewe wabikoze gute?” Yesu arabishura ati “Mu gusenga no mu kwisonzesha”.

Yesu yarababwiye ko, mu buryo bw'umwihariko badashobora kugira ico bakoze icarico cose bishimikije ubwenge bwabo bwite; bibonerwa gusa mu nkomezi z'Imana. kugirango muroranirwe, mutegerezwa gusa gushima mu gusenga. Mu gitabo c'abaroma, intumwa Paulo yaravuze ko Mpwemu Yera adusengera aniha iminiho itovugwa kuko tutazi ingene dukwiye gusenga (Rom 8:26).

“Isengesho ni guhema kw'umushaha. Niryo banga ry'inkomezi za Mpwemu... kwirengagiza umwimenyerezo wo gusenga canke tukabikora mukwikurayo, haba ubu canke muri kazozo, nk'ingaruka nuko uca utakaza ukwunga ubucuti n'Imana hama ukabura ugushikama mu Mana” **(Prayer, pp 12, 13).**

Yesu yari afise inkomezi zidasanzwe mubijanye no gusenga kuburya yashobora no kumara ijoro ryose asenga. “Yesu ubwiye igihe yaba mu bantu, kenshi yaba ariko arasenga....” Niwe karorero kacyi muri vyose. Imibereho yiwe yari yafashe nka nkama ko isengesho ari ikintu ca nkenerwa kandi c'ingirakamaro. Ukuremeshwa hamwe n'umunezero yabikura mu kunywana no gusabana na Se kwiwe. None nimba umucunguzi w'abantu, umwana w'Imana yama yumva

ko akeneye guse, ni gute natwe abantu b'intege nke ukuraho twari dukeneye isengesho kenshi gashoboka! (**Steps to Christ, pp 93, 94**)

Yesu yagize nyambere isengesho, ikintu ca mbere na mbere co gukora imbere yo gutangura umusi, yarasohoka akagenda mu kibanza cihereye ukwa wenyene, maze agasengerayo” (**Mariko 1:35**). Muri Yohana 17, Yesu ubwiye yasenga mu buryo butandukanye bivanye n'icaba gikenewe.

Igihe abigishwa biwe bamubwira bati: “Mwigisha, twigishe gusenga,” Yesu ntabwo yababwiye amajambo runaka bakwiye gukoresha mu gusenga nk'igisabisho kidahinduka. Mbere yaranababwiye ko badakwiye kwama basubiyemwo amajambo adahinduka igihe cose basenze (**Matayo 6:7**). Muri Yohana 17, Yesu ubwiye yaragize isengesho bivanye n'ibiringo yari agezemwo. Isengesho n'uburyo bwo kwugururira umutima wawe Imana nk'umugenzi wawe bwite (**Steps to Christ, p 93**). Mw'isengesho, twugururira imitima yacu Imana mu kiganiro c'ukuri, nk'ikiyago. Iyo musubiramwo amajambo adahinduka uko musenze, bica bihinduka nk'akamenyero canke nk'umugenzo uko mutovyibaza kandi ntimuzoruha mwibaza ico muriko murakora.

**Reka dusengere hamwe.**

**Umwanya wo gusenga (Hagati y'Iminota 30-45)**

*Imirwi yose y'amasengesho ifise inzira zitandukanye zo gusengera hamwe. Turagutera umwete wo kumara iminota hagati ya 30 na 45 mw'isengesho rya rusangi, mu nzira iyo ariyo yose Mpwemu yera aza kukuyoboreramwo. Turahimiriza ngo habe isengesho rito rimeze nk'ikiyago kigizwe n'amungane ava kuri rimwe (1) kugera kuri atatu (3). Ibi bizofasha abantu benshi gusenga kenshi gashoboka. Aha musu hari uturorero two gusenga biciye mu vyanditswe hishimikijwe ivyiyumviro vyo muvyanditswe vyera. Murashobora gusenga biciye mu bindi bigabane vy'ivyanditswe maze mushobore no gushiramwo ibindi vyiyumviro vyo gushimikirako. Ni murabe icerekezo co kwisunga mu masengesho hamwe n'imitwano yo gusengera mw'ishengero kw'isi yose.*

**Musenge biciye mw'ijambo ry'Imana – Luka 11:1**

“Maz' ar' ahantu, asenga; ahejeje, umwe mu bigishwa biwe aramubgira, ati Mugenzi, twigishe gusenga, nk'uko Yohana yigishije abigishwa biwe” Luka 11:1

**Yesu yarasengera mu kibanza runaka**

“Data, twigishe gusenga nk'uko Yesu yasenga. Turatuye ko tutazorondera inzitwazo canke ibisamaza n'ibidufatira. Dufashe guhitamwo imyanya myiza kugirango duhure nawe imisi yose. Hindura ivyo dukunda gushira imbere hama utunganye ukundi gusha ivyo tumenyereye.

“Mwami twigishe gusenga”

Ego mwami, twigishe gusenga nkuko wigishije abigishwa. Turagushimiye cane ku karorero keza kubw'isengesho ry'Umwami wacu. twereke uko dukwiye kukwigana mu masengesho hamwe no mu buzima bwacu. Twuzuze Mpwemu Yera, maze dukoresha amasengesho yacu kugira duhindure imiryango yacu, ishengero ryacu, ikibano cacu mbere n'ubwami bwawe.

## **Ubundi buryo bw'amasengesho**

**Amashimwe no gutazira:** tanga amashimwe yawe kubw'imigisha yihariye wongere uhimbaze Imana kubw'ukugira neza kwayo

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambanyi zikunda kwibonekeza n'ingingo za ma zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw'Ishengero ku rwego rw'akarere (raba urupapuro rutandukanye ruriko imitwaro).

**Imitwaro yanyu:** Sengera imitwaro y'abizera b'ishengero ryanyu, umuryango n'ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana hama wishurisha amashimwe canke indirimbo.

**Indirimbo zo gukoresha:** Indirimbo ya 89, n'iy'111.



## Umusi wa Gatatu: Igenekerezo rya 10 Nzero 2025

### MUTUMBEREZE KU NTUMBERO

“Kandi ni mwasenga, ntimukabomboranye amanwa nk'ukw abanyamahanga bagira: biyumvira yuko bazokwumvirwa kubw'amajambo yabo menshi. Ntimuze muse na bo; kuko So azi ivyo mukennye mutaramusaba” **Matayo 6: 7, 8.**

#### Senge Mwerekereje ku Ntumbero Nyezina

Umuhungu wacu Ovidiu yaguze inzu ku kiguzi gito cane ariko rero iyo nyubakwa yar'igeze ahatemba kandi ari ntoyi cane. Vyamusaba kuyinagura no kuyagura kugirango ashobore gutunganiriza umuryango muvya nkenerwa. Ariko rero bukwi nabukwi ibiciro vyacye biduga. Yarasubiyemwo kenshi cane ko adashoboye guheraheza ibikorwa kubwo kubura uburyo bw'amahera. Nabwiye Ovidiu kuzana iyo mitwaro yiwe ku Mana, kuko Imana irakwitwararitse. Yishuye ko yasengeye inzu muri rusangi. Ariko nahavuye ndamubwira nti gerageza utumbereze umutwaro wawe mu mwanya runaka atari gusengera uyu musu ivyo uzokenera mu kwezi kuza canke ejo, ahubwo uyu musu usengere ivyo ukeneye uyu musu nyene. Imana nayo yishura idaciye ku ruhande isengesho ry'umutwaro urashe. Imana ntiyishura imitwaro ifashwe minenerwe.

Ntuze uje ku Mana uyibwira uti, “Mwami rokora ababanyi banje.” Ahubwo vuga mw'izina uti; “Mana yanje, nsengeye umubanyi wanje Yohani. Ndakwingize ukore ku mutima wiwe. Ndakwinginze umpe ubwenge bwo kwubaka ubugenzi nawe kugirango bikunde nshobore kumushikanako ubutumwa bwiza bw'Ubwami.” **Mariko 10:47** hatubwira Barutimayo asaba Yesu ubufasha. Maze arasemerera ati: “Yesu mwana wa Dawidi, ngirira imbabazi!” ico n'igisabo muri rusangi. Mu murongo wa 51 Yesu yamusavye gutumbereza ico ashaka ko yomukorera. “Ushaka ko ndagukorera iki?” Maze Barutimayo arishura ati, “Mwigisha, ndashaka guhumuka.”

Nsubiye kuri ya nkuru yanje, niho uwo muhungu wanje yaca atangura gusenga atomora mu mitwaro ashikiriza Imana. Yasavye Imana ngo imufashe ashobore kuronka umurwi ushobora kwimba umushinge w'aho gushinga inzu. Niho rero yaca atangura kurondera. Ariko rero, buri murwi wose vyasabwa ko bawubwira ico gikorwa inyuma y'ukwezi kwose kandi kugirango wimbe ukaba wasaba amahera ari hagati ya 18000 \$ na 22000\$. Niho rero yaca atangura kuvugana n'iyi mirwi kugirango bagabanye ibiciro kugirango bashitse nko kuri 16000\$ gutyo rero babone kuza mu ndwi yakurikira gutangura kwimba umushinge. Umurongozi w'uyu murwi yaraje, ariko imashine ikomeye yo kwimba ntiyazanywe. Imbere yo kurindira imisi yose mu gitondo niho rero umurongozi w'uwo murwi yatakaza ivyizigiro, aravuga ko adashobora kugaruka kiretse haheze amezi atatu, aca arigendera. Umuhungu wacu yari yataye ivyizigiro kuko nta nyishu yabona.

Mu nyuma, Ovidiu yasavye Imana mu buryo butumbereye asaba ko Yomuronsa umurwi ushobora kwimba umushinge wose, kandi mbere no ku giciro ciza. Igihe yari ahejeje isengesho, umubanyi wiwe yaciye yegera arabaza ati: “Amakuru maki?” Ovidiu arasubiza ati: “Ni sawa. Ariko ndiko ndondera umurwi woshobora kwimba umushinge w'inzu.” Wa mubanyi aca aramusubiza ati : “Sawa, ndafise umurwi wanyimbiye umushinge w'inzu yanje.

Ubu nyene. Babaze. Birashoboka ko nawe boshobora kubigukorera.” Ovidiu ubwo nyene yaciye agenda yihuta asimbira ku wundi muryango w’umubanyi arabaza. Maze umukuru w’uwo murwi aca aramusubiza ati : “Burya turi ngaha mur’iyi n’ibikoresho vyacu bikwiye vyo kwimba, rero duheje iki gikorwa turiko ntakabuza turi buce dusimbira n’iwawe tubigukorere.” Ovidiu nawe ati : “Woshobora kuza hama ukangirira ingengamahera ?” Uwo murongozi w’umurwi yaciye amubwira ati: “ Nzobikora kuri 2500\$gusa!” Mbega umunezero ! Ovidiu yarabonye ko Imana yari yamaze gutegura ikintu cose, maze iramwishura, kandi yari yari yarindiye ko Ovidiu aza kubiyisaba.

“Isengesho, n’uburyo bwo kwugururira Imana umutima nk’uko wowugururira umugenzi wawe” (**Steps to Christ p 93**). Imana iraguhamagarira kugiriranira nayo ikiganiro nawe ata kwitinya, usohore akari ku mutima kubijanye n’imitwari yawe mu buryo butomoye ata guca iruhande. Irakeneye ko ugira ukuyizera, kurindira inyishu wishimikije urukundo rwayo, ubwenge hamwe n’amasezerano. Izokwishurira umwanya wayo ugeze no mu nzira zayo, ariko ni wayironderana ukwizera, uzomenya ko inyishu yayo ariyo nziza.

Reka dusengere hamwe.

### **Umwanya wo gusenga (Hagati y’Iminota 30-45)**

*Imirwi yose y’amasengesho ifise inzira zitandukanye zo gusengera hamwe. Turagutera umwete wo kumara iminota hagati ya 30 na 45 mw’isengesho rya rusangi, mu nzira iyo ariyo yose Mpwemu Yera aza kukuyoboreramwo. Turahimiriza ngo habe isengesho rito rimeze nk’ikiyago kigizwe n’amungane ava kuri rimwe (1) kugera kuri atatu (3). Ibi bizofasha abantu benshi gusenga kenshi gashoboka. Aha musibizi hari uturorero two gusenga biciye mu vyanditswe hashimikijwe ivyiyumviro vyo mu Vyanditswe Vyera. Murashobora gusenga biciye mu bindi bigabane vy’Ivyanditswe maze mushobore no gushiramwo ibindi vyiyumviro vyo gushimikira. Ni murabe icerekezo co kwisunga mu masengesho hamwe n’imitwari yo gusengera mw’ishengero kw’isi yose*

### **Musenge biciye mw’Ijambo ry’Imana- Matayo 6: 7, 8**

“Kandi ni mwasenga, ntimukabomboranye amanwa nk’ukw abanyamahanga bagira: biyumvira yuko bazokwumvirwa kubg’ amajambo yabo menshi. Ntimuze muse na bo; kuko So azi ivyo mukennye mutaramusaba” **Matayo 6:7, 8**

Nti mukigere mukoresha kuguma musubiramwo amajambo

Mana, twigishe kuvugana nawe nk’uwuvugana n’umugenzi. Rimwe na rimwe, amasengesho yacu usanga agizwe n’amajambo adahinduka tuguma dusubiramwo kandi amajambo yacu ugasanga ar’ay’imirenzako gusa. Dukangure mu vy’impwemu! Dufashe kwumva ukubaho kwawe imbere yacu.

“So wawe arazi ivyo mukeneye”

Mwami wacu, urazi ikintu cose kuri twebwe. Urazi ubwoba bwacu, ivyizigiro vyacu, inkomezi zacu hamwe n’intege nke zacu. Kenshi dusaba ibitagira akamaro canke ibihwanye n’ukwipfuzwa kwacu, nk’ibifungurwa, amahera canke kuroranirwa, ariko wewe urazi mu buryo

bwimbitse ivya nkenerwa bidukwiriye. Urakoze kubona Mpwemu Yera adusengera akaniha iminiho itovugwa. Turizeye ko uzotwishura mbere no mu nzira tutokwiyumvira.

**Ubundi buryo bw'amasengesho**

**Amashimwe no gutazira:** Tanga amashimwe yawe kubw' imigisha yihariye wongere uhimbase Imana kubw' ukugira neza kwayo

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambanyi zikunda kwibonekeza n'ingingo za ma zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw'Ishengero ku rwego rw'akarere (raba urupapuro rutandukanye ruriko imitwaro).

**Imitwaro yanyu:** Sengera imitwaro y'abizera b'ishengero ryanyu, umuryango n'ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana hama wishurisha amashimwe canke indirimbo.

**Indirimbo zo gukoresha :** Indirimbo ya 27.

## Umusi wa Kane: Igenekerezo rya 11 Nzero 2025

### AMASENGESHO ATISHUWE (HAMWE N’UKWIZERA)

“Arikw abiteze Uhoraho bazokwama biyubura mu nkomezi nsha” **Yesaya 40:31a**

#### **KURINDIRA....**

Kurindira ntabwo binezera. Mbega ni nde anezerezwa no kurindira? Kurindirira ku muryango wa Muganga, kurindirira ku murongo, kurindira indege yacerewe kukibuga c’indege, kurindira umuntu runaka yacerewe mu nama. Aburahamu vyamusavye kurindira imyaka 25 kugirango aronke inyishu y’isengesho ryiwe. Mose yarindiye imyaka 40 kugirango Imana igire ico ikoze. Yosefu yabaye umugurano imyaka itari mike kandi anashirwa mw’ibohero iyindi myaka - rero ataruko arindiririye mu kibanza kinezereje ngo Imana igire ico ikoze. Hari uturorero twinshi muri Bibiliya two kurindira Imana ngw’igire ico ikoze.

Nubwo kurindira bigerageza ukwihangana kwacu, ariko Bibiliya ivuga ko akaranga keza k’abantu b’Imana ari ukwihangana. Uko niko binameze mw’isengesho. Kenshi rero birakenewe ko turindira inyishu y’amasengesho. “Inyishu y’isengesho ryose rivuye ku mutima izoboneka. Irashobora kutaza nk’uko uvyibaza, canke mbere irashobora kudashikira umwanya wayishakira, ariko izoza mu buryo no ku mwanya aho neza na neza bizohurirana n’uko war’ubikenereye. Amasengesho ukoreye mu mwiherero, mu buruhe, mu bigeragezo, Imana irayishura, ariko misi yose ntibiza nk’uko uvyiteze, ariko misi yose ku neza yawe” (**Messages to the Young People pge 250**).

Iyo twicishije bugufi hanyuma tukayishikiriza imitwaro yacu, mu buryo butomoye, tunazirikana ko tubeshejweho n’Imana, iratwishura. Uko biri kwose, kenshi dutegerezwa kurindira. Kenshi turasabwa gukoresha ivyankenerwa vyose imbere y’uko Imana igira ico idufashije, kugirango tumenye tudakekeranya ko ari Imana itwishuye. Iyo Imana itwishuye bukwinabukwi turahava tukibaza ko vyari ngombwa ko itwishura kuko twari tubikwiriye. Igihe ata buryo na bumwe tubona bwo gutorera umuti ingorane, Imana iravuga ijambo, kandi ico tutigeze twibaza canke twiyumvira iragikora. “Ati Mpamagara, nanje ndakwitaba, nkwereke ibihambaye n’ivyikinze, ivy’utaribgamenye” **Yeremiya 33:3**.

Uko biri kwose, nimba Imana itishuye mu buryo buhwanye n’uko twasavye canke ku mwanya tugombeye, turashobora kwibaza ko Imana itatwishuye. Imana irishura amasengesho asenganywe ubwizigirwa, amasengesho yiyoroheje, kandi inyishu yayo, niyo nyishu nziza kuruta izindi zose. Urararikirwa kumenya urukundo rw’Imana (**Abanyefeso 3:19**). Ivyo ni vyo ukeneye. Uko uzorushiriza kumumenya, niko uzorushiriza kumwizera, niko uzorushiriza kwuzura amahoro yo mu mutima no gutekanirwa, kandi ni nako uzorushiriza kwizigira uburongozi bwiwe hamwe n’uburyo izoza iguserukako. Muhange amaso, uhange amaso urukundo rwiwe, amasezerano yiwe hamwe n’uburyo yakuyoboyemwo muri kahise igihe wari mu ngorane.

“Uzozigama amahoro masa umuntu akwegamikako umutima wiwe, kukw akwizigiye”

**Yesaya 26:3**

Imana irazi kazozo. Irakwitwararitse, ariko kandi iranitwararitse n'abandi. Ishobora kutakwishura ubwo nyene kuberako ifise inyishu ibereye, canke ugasanga siwo mwanya mwiza canke ugasanga ntiwiteguye neza kubw'imigambi yiwe. Ishobora kuba ifise inyishu zindi zitandukanye zishobora kwishurwa ku bindi vya nkenerwa, ibintu mbere utari wibazako. Iranashobora kureka ikintu runaka mu buzima bwawe nk'inzira imwe rukumbi yo gushikira umuntu runaka kumbure atokwigeze ashikirwa. Mu buzima bwacu dushikirwa na vyinshi tudatahura ariko tuzotahurira mw'ijuru gusa.

Mu mutima wawe ushiremwo ko Yesu atanzanywe canke ngo apfe ku musaraba kugirango tubeho tworohewe imisi yose. Ariko yaravuze ati: “Mw'isi muri n'amarushwa” (**Yohana 16:33**). Imana yama yakoresheje izo ngorane kugira ngo itwigishe ivyigwa vya nkenerwa kugira ngo kamere zacu mu gukura no kubw'agakiza zitunganywe. “Kukw amarushwa yacu ahwahutse y'akanya ka none yiyongeraniye cane kudushikiriza ubgiza buremereye bg'ibihe bidashira” **2 Ab'i Korinto 4:17**

Nuko rero aho gusaba Imana ngo ikureho ikigeragezo, yisabe nyabuna ngw'ico kigeragezo kigukuze congere kikwigishe. Ikintu c'ingirakamaro cane s'ico tuba dusengeye akenshi n'ubwo arivyo vyari nkenerwa gusengera. Ikintu ca nkenerwa kurusha ibindi ni kumenya Imana yacu. Uko muzorushiriza kuyimenya niko muzorushiriza kuyizigira, kandi muzoyireka ngo yikorere ubwayo. Imana irabahamagarira gusenga no kuyirondera, murondere ukubaho kwayo, umugambi wayo, n'uburongozi bwayo. Imbere yo kuyironderako ubufasha n'uko ibishura, nyabuna ni murondere kuyimenya, hama muyikoreze ubwoba bwanyu bwose hama muyirindire ikore.

### **Umwanya wo gusenga (Hagati y'Iminota 30-45)**

*Imirwi yose y'amasengesho ifise inzira zitandukanye zo gusengera hamwe. Turagutera umwete wo kumara iminota hagati ya 30 na 45 mw'isengesho rya rusangi, mu nzira iyo ariyo yose Mpwemu yera aza kukuyoboreramwo. Turahimiriza ngo habe isengesho rito rimeze nk'ikiyago kigizwe n'amungane ava kuri rimwe (1) kugera kuri atatu (3). Ibi bizofasha abantu benshi gusenga kenshi gashoboka. Aha musu hari uturorero two gusenga biciye mu vyanditswe hishimikijwe ivyiyumviro vyo muvyanditswe vyera. Murashobora gusenga biciye mu bindi bigabane vy'ivyanditswe maze mushobore no gushiramwo ibindi vyiyumviro vyo gushimikirako. Ni murabe icerekezo co kwisunga mu masengesho hamwe n'imitwaro yo gusengera mw'ishengero kw'isi yose.*

### **Musenge biciye mw'Ijambo ry'Imana- Yesaya 40: 31a**

“Arikw abiteze Uhoraho bazokwama biyubura mu nkomezi nsha” **Yesaya 40: 31a**

### **“Abo barindira ico Imana iribukore”**

Data, ntidushimishwa no kurindira. Kurindira biradushavuzwa mbere bikanadutera ubwoba, gutyo rero tukihutira kwironderera inyishu yacu. Twigishe kuguma muri wewe nk'uko umwana arindira ico ukuboko kwa se kuribukore. Duhe ukwizera ngo tumenye ko kazozo kacu kari mu biganza vyawe vy'inkomezi. Dushoboze kubeshwaho no kwizera, ntitubeshweho n'ivyo tubona.

### **“Intege zabo zizonagurwa”**

Data biradushikira ko mu buzima bwacu tutitaho ivyo gukura kwacu mur’iyi si yononekaye. Turarushwa n’ingwara, guhemukirwa, ubukene, akarenganyo hamwe n’irungu. Turakwinginze ngo werekeze amaso yacu mw’ijuru kandi udukomeze. Twigishe kukwigirako kandi tunaronke inkomezi muri wewe twishimikije amasezerano wadusezeraniye. Igihe tugize intege nke, uturonse inkomezi zawe.

### **Ubundi buryo bw’amasengesho**

**Amashimwe no gutazira:** tanga amashimwe yawe kubw’imigisha yihariye wongere uhimbaze Imana kubw’ukugira neza kwayo

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambanyi zikunda kwibonekeza n’ingingo za ma zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw’Ishengero ku rwego rw’akarere (raba urupapuro rutandukanye ruriko imitwaro).

**Imitwaro yanyu:** Sengera imitwaro y’abizera b’ishengero ryanyu, umuryango n’ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry’Imana hama wishurishe amashimwe canke indirimbo.

**Indirimbo zo gukoresha :** Indirimbo ya 34.

## Umusi wa Gatanu: Igenekerezo rya 12 Nzero 2025

### IZINA RYAWWE RYUBAHWE

“Abe ari k'umuco wanyu ubonesha imbere y'abantu, ngo babone ibikorwa vyanyu vyiza, bahimbaze So wo mw ijuru” **Matayo 5:16**.

Turi ivyete vyuguruye

Igihe kimwe abantu bari bagize urusengero ruraha, bafadikanije na Pasitori, bagerageje gutumirira ababanyi ngo baze bitabe integuro zari zatunganijwe. Benshi mu batumiwe barahakana. Niho rero Pasitori yabaza imiryango imw'imwe igituma idashobora kwitabira ivyo bikorane. Mu majambo atandukanye, bose bavuze bati: “Nimba urya mugabo yitwa..... akiri umwizera wa rirya shengero, ntituzigera tuza, ntabwo yitonda, nta rukundo afise. Ntiyubaha canke ngo yisonere. Akora amanyanga, agirira nabi igitungwa ciwe, kandi misi yose yama ashavuye ashirisoni.” Abizera b'ishengero beshi baramaramaye kubw'uyo muntu.

Isengesho ry'Umwami wacu ritanguzwa n'iri ryungane, “Data wa twese wo mw'ijuru, izina ryawe ni ryubahwe.” Imana yacu ntabwo ari Imana y'isi n'ibiyirimwo gusa, ahubwo inafitaniye isano n'ivyaremwe vyayo imigenderanire no kunywana navyo natwe turimwo. Niho rero yavuga ati “izina ryawe ni ryubahwe.” Ijambo ry'ikigiriki ryakoreshejwe ntabwo ari *hagios*- risigura “uwera, mweranda, ubereye,” ariko n'ijambo *hagiaz*o risigura “kweza.” Ni gute dushobora kweza, canke kwerekana ubweranda bw'Imana yacu mu gihe ubwayo isanzwe ari nyeranda?

Paulo yaravuze ati Turi ivyete bisomeka bisomwa n'abantu bose (**2 Ab'i Korinto 3:2**). Mu **1 Ab'i Korinto 4:9**, Paulo yaranditse ati, “Twacitse akabarore mw'isi.”

Abantu ntibabona Imana ahubwo babona twebwe. Inyifato yacu ya buri musi ishobora guhesha Imana icubahiro canke ikayitukisha, canke mbere igatukisha izina ryayo hanyuma igasuzuguzwa ishengero ryayo gutyo rero bigatuma n'igikorwa c'Imana cononekara (**Matayo 5:13-16**).

Ni muze mu nyonga z'Imana mushima kandi munamumenye nk'umuvyeyi wanyu abakunda. Aho kwitwararika ivyo mwipfuzwa hamwe na mwebwe ubwanyu, ubwa mbere na mbere mwitwararika Imana, izina ryiwe, hamwe n'icubahiro ciwe. “Imana yipfuzwa ko kwitwararika ibihesha icubahiro izina ryiwe. Ntidukwiye na gato kwironderera icubahiro cacu, dutegerezwa kuronderera ku Mana ubuntu bwayo hamwe n'imihezagiro yo mu vya mpwemu, kugirango duheshe izina ryayo icubahiro mu mibereho na kamere vyacu. Imana iraninahazwa, izina ryayo rikubahwa, iyo abana bayo berekanye ingeso zabo (**Manuscript 34, 1903**).

Sengera ikintu runaka nk'uku: “Data mfasha kugirango nkuheshe icubahiro muri vyose uyu musi. Mfasha kugirango ndakugaragaze neza hamwe no kujana izina ryawe kugirango igihe abantu bazombona baze baguhimbaze. Mfasha kubaho mu buryo abantu bambonye babone imibereho na kamere vya Yesu muri jewe kuri buri gikorwa na buri jambo ryose.

Mw'isengesho ryawe, gerageza urondere ibintu bishobora guhesha icubahiro Imana. “Kand' ubu ni bgo bushizi bg'ubgoba dufise kuri yo, n'ukw iyo dusavye ikintu cose gihwanye n'ivy' igomba, itwumva” **1 Yohana 5:14**.

Dutegerezwa gusenga mw'izina rya Yesu, ariko ivyo bifise insiguro irenze gusa gupfa kuvuga “Mw'izina rya Yesu.” Mu bihe vya Bibiliya, izina ryagaragaza kamere ya nyeneryo. Gusenga mw'izina rya Yesu ni gusenga mu bugombe bwiwe, gusaba ibintu bishobora kugaragaza kamere yiwe. Yakobo 4:3 havuga hati: “Murasaba ntimuhabwe kuko musaba nabi.” “Gusenga mw'izina rya Yesu bisigura vyinshi cane. Bisigura ko dutegerezwa kwemera kamere yiwe ngo yigaragaze mu buzima rukristo bwacu tukanakora ibikorwa vyawe” (**Desire of Ages p 668**).

Yesu yasezeranye kwishura amasengesho yacu ni twasenga mw'izina ryawe, twisunze ubugombe bwiwe kandi dusavye ikintu gishobora guhesha icubahiro Imana (**Yohana 14: 13, 14; 1 Yohana 5:14**). Kandi iyo Imana yishuye, zirikana ko utegerezwa gukenguruka handi no kuyihesha icubahiro. Ntitukigere tugwa mu mutego wo kwiyemera. Satani aragerageza gufata icubahiro c'Imana akaciha. Mu kwicisha bugufi, twuzuye gushima, dutegerezwa guhesha Imana icubahiro biciye mu vyo tuvuga n'ivyo dukora mbere no mu masengesho.

Iyo twidodomvye dusuzuguzwa Imana yacu. Mur'ubwo buryo nyene, tuba twerekanye ko Imana itari nziza, atawe yitaho kandi ko idashitsa amasezerano. Munezerwe imisi yose (**1 Ab'i Tesalonika 5:16, Ab'i Filipi 4:4**). Senga, ganira n'Imana, kandi ingeso zawe zame zigaragaza ko wubaha Imana. Ni gute wotera abandi kwizera kandi wuzuye gukekeranya. Ni gute wosaba abandi ngo bashime Imana banayihimbaze ariko wamana imyidodombo?

Amasengesho yacu y'ukuri akwiye kuba, “Mana yanje ukunda uri mw'ijuru, mfasha uyu musu kuvuga no gukora mu buryo mu vy'ukuri bigaragara ko nkuhesheje icubahiro imbere y'abandi. Umpe gusa ibizoguhesha icubahiro, kandi umfashe kubikoresha mu gikorwa cawe. Nyemerera ninahaze izina ryawe”.

### **Umwanya wo gusenga (Hagati y'Iminota 30-45)**

*Imirwi yose y'amasengesho ifise inzira zitandukanye zo gusengera hamwe. Turagutera umwete wo kumara iminota hagati ya 30 na 45 mw'isengesho rya rusangi, mu nzira iyo ariyo yose Mpwemu yera aza kukuyoboreramwo. Turahimiriza ngo habe isengesho rito rimeze nk'ikiyago kigizwe n'amungane ava kuri rimwe (1) kugera kuri atatu (3). Ibi bizofasha abantu benshi gusenga kenshi gashoboka. Aha musu hari uturorero two gusenga biciye mu vyanditswe hishimikijwe ivyiyumviro vyo muvyanditswe vyera. Murashobora gusenga biciye mu bindi bigabane vy'ivyanditswe maze mushobore no gushiramwo ibindi vyiyumviro vyo gushimikirako. Ni murabe icerekezo co kwisunga mu masengesho hamwe n'imitwari yo gusengera mw'ishengero kw'isi yose.*

### **Musenge biciye mw'Ijambo ry'Imana- Matayo 5:16**

“Abe ari k'umuco wanyu ubonesha imbere y'abantu, ngo babone ibikorwa vyanyu vyiza, bahimbaze So wo mw'ijuru.” **Matayo 5:16**

### **Reka umuco wawe umurike**



Mwami, ni wewe soko y'umuco wose. Kayanganira muri twebwe gutyo abandi babone ubwiza bwa kamere yawe. Dushoboze dukayangane imbere y'abandi bikunde n'abandi biyunge n'ubwami bwawe kubw'urukundo tuberetse.

**“Ngo babone ibikorwa vyanyu vyiza”**

Mana yacu, kenshe turibagira ko abandi bantu bitegereza ivyo dukora. Bafashe babone urukundo atari urwanko mu buzima bwacu. Bafashe kubona uburwaneza, atari ukwigungirako. Korera mu buzima bwacu bikunde duhezagire abana bacu, ababanyi bacu mbere n'abansi bacu.

**“Kandi muhimbaze so wo mw'ijuru”**

Mana, wewe ukwiye gushirwa hejuru natwe tugacishwa bugufi. Ducishe bugufi kandi ufashe ababanyi bacu kurabukwa inkomezi zawe n'impuhwe zawe mu bikorwa vyawe vy'urukundo

**Ubundi buryo bw'amasengesho**

**Amashimwe no gutazira:** tanga amashimwe yawe kubw'imigisha yihariye wongere uhimbaze Imana kubw'ukugira neza kwayo

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambanyi zikunda kwibonekeza n'ingingo za ma zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw'Ishengero ku rwego rw'akarere (raba urupapuro rutandukanye ruriko imitwaro).

**Imitwaro yanyu:** Sengera imitwaro y'abizera b'ishengero ryanyu, umuryango n'ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana hama wishurisha amashimwe canke indirimbo.

**Indirimbo zo gukoresha :** Indirimbo ya 86, n'iy'199.

## Umusi wa Gatandatu: Igenekerezo rya 13 Nzero 2025

### UBWAMI BWAVE NI BUZE

“Ubwami bw’Imana buri muri mwebwe” **Luka 17:21b**

#### Agakiza Kashitse

Muri **Luka 19**, Yesu yasezeranye kwinjira mu nzu kwa Zakayo. Maze Yesu aravuga ati, “uyu musi agakiza gashitse mur’iyi nzu” (Umurongo 9). Igihe Yesu aba mu nzu iwawe, ijuru riba rihari, kandi imbere yuko winjira mu bwami bw’Imana nuko Imana ibanza kwinjira mu mutima wawe. Muri yohana 17 Yesu ntiyasengeye abigishwa biwe ngo bakurwe mw’isi ahubwo yabasengeye ngw’Imana ibarindire mw’isi kandi ntibabe ab’isi (**Yohana 17:15, 16**).

Dukwiriye kubandanya twimenyereza kubaho uyu musi nk’uko tuzoba mw’ijuru. Ni twabandanya kwitangira cane ivy’iyi si ntakabuza tuzocika ab’isi. “Kuko aho ubutunzi bwawe buri ariho umutima uzoba” (**Matayo 6:21**). Ariko ni twitwararika ivy’Imana hamwe n’Ubwami bwayo, ubwami bwayo buzokwaguka ahatuzengurutse mbere no hirya no hino. “Mu maso h’abagabo n’abagore baganira n’Imana, ab’isi itaboneka ari ukuri mu buzima bwabo, bama bazirikana amahoro y’Imana. Baba bafise umutekano udasanze w’ijuru.” (**Minsitry of Healing p 252**).

Muri rumwe mu ngendo z’ivugabutumwa nakoreye muri Cuba, abana benshi hamwe n’abavyeyi babo baraje kwumviriza. Biciye kuri Pasitori waho nahavuye menya ko aba bantu benshi baza kubw’umupfasoni umwe wo mur’iryo shengero. Naramwegereye ndamubaza ico yababwiye kugirango baze. Yaranyishuye agira ati : “S’ivyo nababwiye.” Niho rero yadutimirira kumugendera kugirango turabe, maze turagenda.

Yibera mu kazu gatoyi cane, kameze nk’ingondano. Nta vyombo vyinshi vyarimwo, canke ibikoresho bindi kiretse igitanda kigerekeranijemwo ibitanda bibiri, akameza gatoyi, ishata ntoyzi zibiri, hamwe n’iziko ry’umuyagankuba. Kw’isaha ya sasita, arasohoka akaja imbere y’iyo nzu yiwe, maze haza abana bagera nko ku majana abiri maze abereka urupapuro rwasinyweko n’abavyeyi babo, gutyo baca batonda umurongo abagaburira umuceri bese bicaye hasi. Maze bagafungura.

Bariko barafungura yadusiguriye ko benshi mu babanyi ata kazi bafise, ariko we yahezagiwe arakaronka. Umushahara wiwe ntabwo ukwiye kugirango ashobora kugura ibifungurwa bitandukanye, ariko ko ashobora kugura umuceri gusa. Yarongeye ati: “Twahamagariwe kuba nka Yesu, kwerekana uko ubwami bw’Imana bumeze ku buryo abantu bashobora kubunezererwa. Duhamagarirwa gukoresha uburyo bwa Yesu. Kubagaburira no kwubaka ubucuti. Nimba nobaho nigungirako ivyanje, mbega Yesu noba ndamumariye iki? Mbega mpaye abantu umukate uboneka mbega koko noba ndabafashije iki? Nkoresha umuceri mukwereka aba bana urukundo. Niho rero mpeza nkabaha umukate w’ubugingo. Ariko imiyabaga kenshi irasamara cane. Kugirango nemere ko bakwirikiranye ndabasaba ko bashitse muhira iwabo bategerezwa kubwira abavyeyi babo inkuru bize bakongera bakabasubiriramwo indirimbo bize. Ni mur’ubu buryo nshobora gushikira abavyeyi babo.

Ubu rero uko ndushiriza kubikora niko barushiriza kunkunda, bakanyizigira, kandi barishimiye kunyumviriza.

Igihe iyo miyabaga irangiye gufungura, acatangura kubabwira inkuru ya Yona maze agaca abigisha akaririmbo. Baza bamukora mu minwe bakamuramutsa, maze bakamushimira. Narigeze kwumva bavuga ngo : “Turagukunda Tantine wacu!” Yaciye atwenga cane. Maze aravuga ati: “Si kubwo kugerageza kubereka uko Ubwami bw’Imana bumeze gusa, barampezagira maze bakansezerana urukundo. Umunezerero uruta iyindi n’ukubabona baje kw’ishengero gusenga maze bakiga kumenya Imana. Kandi umunezero wanje uzoba uwo kubabona mw’ijuru. Nipfuza kubahonja kw’ima rimwe ry’ubuzima bwo muri paradizo bakiri aha kw’isi.

Yesu agiye kuza vuba! Ariko kugirango uzoshobore kwinjirana nawe mu bwami bwiwe, utegerezwa kuba ufise mu mibereho yawe ubwo bwami uhereye ubu. Utegerezwa gusenga buri musu uti “Mwami, n’uze wimike ubwami bwawe muri jewe.” Imana iraguhamagara kugirango werekane ko ubwami bw’Imana ari ukuri uyu musu. Biciye mu masengesho ya buri musu, kwiga ijambo ry’Imana buri musu, n’ibikorwa bizana umunezero, kubaho aha kwisi nk’uko uzobaho mw’ijuru. Ni mureke ijuru ribeho muri mwebwe. Ni mubere Imana amaboko aho mwegereye, neza na neza nk’uko abantu b’umutima n’ukwizera bamubereye amaboko muri kahise.

Imana irashaka kwimurira ubwami bwayo mu mutima wawe no mu rugo rwawe buri musu. Arashaka ko mwimenyereza kuba mu nyonga ziwe nk’ababarwa b’ijuru. Mutumirire ijuru buri musu ngo ribe mu mitima yanyu hama mureke urukundo rwayo rushware ku bandi biciye mu bikorwa vyanyu.

### **Reka dusengere hamwe.**

#### **Umwanya wo gusenga (Hagati y’Iminota 30-45)**

*Imirwi yose y’amasengesho ifise inzira zitandukanye zo gusengera hamwe. Turagutera umwete wo kumara iminota hagati ya 30 na 45 mw’isengesho rya rusangi, mu nzira iyo ariyo yose Mpwemu yera aza kukuyoboreramwo. Turahimiriza ngo habe isengesho rito rimeze nk’ikiyago kigizwe n’amungane ava kuri rimwe (1) kugera kuri atatu (3). Ibi bizofasha abantu benshi gusenga kenshi gashoboka. Aha musu hari uturorero two gusenga biciye mu vyanditswe hishimikijwe ivyiyumviro vyo muvyanditswe vyera. Murashobora gusenga biciye mu bindi bigabane vy’ivyanditswe maze mushobore no gushiramwo ibindi vyiyumviro vyo gushimikirako. Ni murabe icerekezo co kwisunga mu masengesho hamwe n’imitwaro yo gusengera mw’ishengero kw’isi yose.*

#### **Musenge biciye mw’Ijambo ry’Imana- Luka17: 21b**

“Ubwami bw’Imana buri muri mwebwe.”

#### **Ubwami bw’Imana.**

Mwami, turazi k’ubwami bwawe atari ubw’inkomezi n’inguvu vy’iyi si. Duhe ubwenge ngo dutahure hamwe no kubaho twisunze ubwami bwawe bwiyoroheje, ngo bigaragare mu

mibereho yacu uyu musi. Twuzuze ibikorwa vyawe, turonke ibidukwiye hamwe mbere no gutera intege abana bawe bari mw'isi.

### **Buri muri mwebwe**

Mana, dufashe kubaho imibereho y'ab'ijuru uhereye uyu musi. Hindukiza amaso yacu yerekezwe ku bandi. Mbega n'abahe bantu bakeneye ko tubumviriza uyu musi. Ni nde akeneye imfungurwa ziciye bugufi hamwe n'impuzu uyu musi. Ni nde akeneye kwumva igishingantahe cacu kubijanye n'inkomezi zihindura za Yesu? Vugana n'imitima yacu kandi uteragire ubwami bwawe mu buzima bwacu uyu musi.

### **Ubundi buryo bw'amasengesho**

**Amashimwe no gutazira:** Tanga amashimwe yawe kubw'imigisha yihariye wongere uhimbaze Imana kubw'ukugira neza kwayo

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambanyi zikunda kwibonekeza n'ingingo za ma zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw'Ishengero ku rwego rw'akarere (raba urupapuro rutandukanye ruriko imitwaro).

**Imitwaro yanyu:** Sengera imitwaro y'abizera b'ishengero ryanyu, umuryango n'ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana hama wishurishe amashimwe canke indirimbo.

**Indirimbo zo gukoresha:** Indirimbo y'133.

## Umusi w'Indwi: Igenekerezo rya 14 Nzero 2025

### IVYO USHAKA BIBE KW'ISI NK'UKO BIBA MW'IJURU

#### Ivyo ushaka bibe kw'isi nk'uko biba mw'ijuru

“Kuko nzi ivyiyumviro mbiyumvirako, ni jewe Uhoraho mbivuze, kw ar' ivyiyumviro vy'amahoro, atar' ivy' ivyago, kugira ngo mbahe ivyizigiro vyo mw iherezo ryanyu”

**Yeremiya 29:11**

#### Ni umutegetsu

Twese turafise integuro, integuro z'igihe kirekire dutegekanya buri musi. Mw'isengesho, kenshi turasaba ubufasha bw'Imana n'imigisha ngw'Imana ihezagire imigambi yacu aho kurondera imigambi y'Imana. Imana ivuga iti: “Nzi Imigambi mbafiseko” (**Yeremiya 29:11**). Kuronka imigisha y'Imana hamwe n'ivya nkenerwa, utegerezwa kwisunga imigambi yayo.

Mw'isengesho tubwira Imana ivyo ikwiye kudukorera nk'aho umenga ni twe dutegeka nayo ikaba umukozi wacu. Muzirikane ko Imana ariyo itegeka. Niyo itegerezwa kutubwira ivyo dukwiye gukora. “Buri gitondo ni mwiye gurire mu biganza vy'Imana kubw'uwo musi. Mumwegurire imigambi yanyu yose, mwitege ko bishitswa canke ntibishitswe kubw'ubuntu bw'Imana. Uko ni ko umusi ku musi muzogenda mwegurira ubuzima bwanyu mu biganza vy'Imana (**Steps to Christ p 70**).

Mwibuke ko iri sengesho ar'Umwami yariduhaye. “Ivyo ushaka bibe kw'isi nk'uko biba mw'ijuru.” Mw'ijuru, abamalayika barakorera Imana. Imana irabaha amategeko n'ivyo bakwiye gukora hama bakabikora. Inyishu yabo iba iyi: “Ego Mwami,” hama bakagenda. Nta n'umwe muribo abwira Imana ico yokora; nta n'umwe aja mu mwumvikano nayo, canke ngo avuge ati “Ndafatiriwe” canke ati “Nzobikora hanyuma” nta n'umwe aharira avuga ati “Nta vya nkenerwa mfise” canke ngw'avuge ati “Hari icyumviro ciza mfise.” Iyo ibwiye umumarayika iti kora iki, baca babikora, bazi ko ivya nkenerwa vyose yabitegekanije.

Umusi umwe twe n'umugore wanje twagize urugendo rw'amasaha 11 mu modoka. Nk'uko bisanzwe, natwe twari twarondeye umugambi w'Imana kur'uwo musi kandi twari twayisavye ngo itwereke akaryo ko gukora. Tumaze nk'amasaha atanu mu nzira, umugenzi wanje w'umu Pasitori yarampamagaye na terefone. Arambwira ati: “Unsengere, nagomba nje muri Cuba mw'ivugabutumwa, ariko imodoka yanje irapfuye; ariko kandi nta na bus mbona.”

Nca menya ko aba mu karere twariko twerekezamwo, ubwo nyene nca mvuga nti: “Neza na neza uba hehe?” Aca arangenekereza neza, anambwira ahariho. Akiriko arambwira nza mbona turahegereje. Maze nca ndamubwira ntangara nti: “Turahageze!” nawe aratangara, maze tuca tuja iwe turamutora tumujana ku kibuga c'indege, maze aca afata indege agenda muri Cuba.

Kenshi na kenshi tubaho twataye umutwe, maze tukananirwa mu migambi yacu kuberako dukora uko twigombera mu migambi yacu. N'ubwo biruko usanga tutazi neza uko ibintu biri bugende muri rusangi. Ntituzi kazoza, ariko Imana ubwayo irazi kazoza kandi iranadukunda.

Abantu benshi, mu gutegekanya kazoza keza, barananirwa burundu. Ni mureke Imana abe ariyo idutegurira imigambi ya kazoza... Imana ntiyigera irongorera abana bayo mu nzira yabuzaniye, iyaba boshoboye kumenya kazoza bahereye muri kahise maze bogunduye ubwiza bw’Imana n’ico bakwiye gukora nk’abasanzwe ari abakorana na Nyenijuru (**Ministry of Healing p 479**).

Kugira ngo ukore ubugombe bw’Imana ubanza kubumenya ubwo ari bwo, kandi no mw’isengesho utegerezwa kwuviriza ico Imana ikugombako. Ivyo Imana ikubwira, nivyo vy’ingira kamaro gusumba ivyo uyibwira. Birakenewe ko tumenyerana n’Imana kugirango dushobore kumenya ubugombe bwayo. Twebwe ubwacu dutegerezwa kwumviriza Imana ivugana n’imitima yacu. Iyo ayandi majwi yose yacecetse, hanyuma, mu gacerere, tukarindira turi imbere y’Imana dutekanye, ugutekana kw’umushaha kurashoboza kumenya ijwi ry’Imana (**Ministry of Healing p 58**).

Biciye mw’isengesho, turabwira Imana ico dushaka, hama biciye mw’ijambo ry’Imana, Imana iratubwira ubugombe bwayo kuri twebwe. Gusenga no kwiga Ijambo ry’Imana vyama bijanirana imisi yose; ntibikwiye gutandukanywa namba. Bibiliya “n’ijwi ry’Imana rivugana natwe, neza na neza nk’uko dushobora kuryumva n’amatwi yacu bwite” (**Testimonies for the Church, Vol.6, Pge 393**).

Nivyo, turashobora kumubwira ivyo dukeneye. Twahamagariwe kuyikoreza imitwaro y’ivyo dukeneye vyose (**1 Petero 5:7**). Nta kwihenda canke ng’uvuge ngo sinkwiye gusaba ubufasha. Ariko, tuzirikane ko ata kintu tubwira Imana itar’isanzwe izi, ahubwo gusa tuyibwira icipfuzo cacu tuyisaba ubufasha. Imana yaraduhaye umwidgegemvyo wo guhitamwo kandi irubahiriza amahitamwo yacu. Ntabwo izigera iduhatira gukora ivyo igomba. Irarindira ko dusaba, ko duhitamwo ubufasha bwayo, muri ico gihe ica ihaseruka.

Ni muze, mwigere Ijambo ry’Imana, mwongere mwiyumvire. Ni muyishikirize ivyo mukenye n’imigambi yanyu, hama musabe ubuyobozi bw’Imana. Mubanze murondere Imana, hama mwizere ko izobitwararika mu vyo mukenera vyose nk’uko yabivuze (**Matayo 6:33**). Ni muje ahabona mureke kwinyegeza kugirango mumukorere munakwirikire ubugombe bwayo. N’uvuge uti: “Ndihano mwami, n’untume uyu musu. Ubugombe bwawe ni bube mu buzima bwanje uhereye none.”

**Reka dusengere hamwe.**

**Umwanya wo gusenga (Hagati y’Iminota 30-45)**

*Imirwi yose y’amasengesho ifise inzira zitandukanye zo gusengera hamwe. Turagutera umwete wo kumara iminota hagati ya 30 na 45 mw’isengesho rya rusangi, mu nzira iyo ariyo yose Mpwemu yera aza kukuyoboreramwo. Turahimiriza ngo habe isengesho rito rimeze nk’ikiyago kigizwe n’amungane ava kuri rimwe (1) kugera kuri atatu (3). Ibi bizofasha abantu benshi gusenga kenshi gashoboka. Aha musu hari uturorero two gusenga biciye mu vyanditswe hishimikijwe iviyumviro vyo muvyanditswe vyera. Murashobora gusenga biciye mu bindi bigabane vy’ivyanditswe maze mushobore no gushiramwo ibindi vyiyumviro vyo gushimikirako. Ni murabe icerekezo co kwisunga mu masengesho hamwe n’imitwaro yo gusengera mw’ishengero kw’isi yose.*

## **Musenge biciye mw'ijambo ry'Imana-Yeremiya 29: 11**

“Kuko nzi ivyiyumviro mbiyumvirako, ni jewe Uhoraho mbivuze, kw ar' ivyiyumviro vy'amahoro, atar' ivy' ivyago, kugira ngo mbahe ivyizigiro vyo mw iherezo ryanyu”

### **Yeremiya 29:11**

“**Kuko nzi ivyiyumviro mbiyumvirako**”

Mwami, kenshi turerekana ko dufatiriwe n'imigambi yacu. Duharire kubw'ivyipfuzo vyacu, umunoho n'ukwikunda twerekana. Mu gishingo c'ivyo, n'utwereke imigambi yawe. Erekeza amaso yacu kugirango tubone ivyo dukeneye ahatuzengurutse. Ibirenge vyacu n'ibigamza vyacu uvyerekeze ku gikorwa cawe.

### **Imigambi yo kubaronsa ivyizigiro vyo muri kazoza**

Mana, imigambi yacu yo kw'isi nta nakimwe izoshikako, ariko imigambi yawe izokwamaho ibihe vyose. Turagushimiye ko ukunanirwa kwacu atari ukw'imisi yose. Duhe ukwizera kugirango tubone ubwami bwawe uyu musu, ubeho muri twebwe.

### **Ubundi buryo bw'amasengesho**

**Amashimwe no gutazira:** tanga amashimwe yawe kubw'imigisha yihariye wongere uhimbaze Imana kubw'ukugira neza kwayo

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambanyi zikunda kwibonekeza n'ingingo za ma zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw'Ishengero ku rwego rw'akarere (raba urupapuro rutandukanye ruriko imitwaro).

**Imitwaro yanyu:** Sengera imitwaro y'abizera b'ishengero ryanyu, umuryango n'ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana hama wishurisce amashimwe canke indirimbo.

**Indirimbo zo gukoresha :** Indirimbo ya 25.

## Umusi w'Umunani: Igenekerezo rya 15 Nzero 2025

### UDUHE IVYO KURYA BIDUKWIYE UYU MUSI

“Twame dukora ivyiza, ntiducobogore, kukw igihe ni cashika tuzokwimbura, ni tutarambirwa. Nuko rero, iyo turonse uburyo, tugirire bose neza, cane-cane ab' inzu y'abizera.” **Ab'i Galatiya 6:9, 10**

#### Imana izovyimenyera

Umusi umwe namaze umwanya ndiko ntunganya ivy'ubutunzi. Imbere yaho narimaze gushira ku ruhande ic'icumi hamwe n'utundi duce twagenewe igikorwa hamwe n'ivyankenerwa, ndariha ibisabwa vyose, ndanashira ku ruhande amahera y'ishure ku muhungu wacu, maze ngize ntya nza mbona nsigaranye udufaranga dukeyi ngereranije n'ivyo twari dukeneye mu kwezi kwose. Niho rero nurira mu modoka gushirayo amahera y'ishure maze nca ndagenda. Hariko hagwa imvura nyinshi.

Neza na neza imbere yo kwinjira mw'ibarabara rija kw'ishure, nabonye umugore akiri muto bisa naho yataye umutwe. Narahagaritse imodoka maze nza kumenya ko ari umugore akiri muto naheruka kubatiza mu mezi make yari aheze. Yarariko ararira.

Narabajije nti: “Ni ibiki?” ni ho rero yambwira ko we ubwiwe n'abandi batakaje akazi igihe ihinguriro ryari iruhande yiwe ryugarwa. Rero we ubwiwe n'abana biwe bari birukanywe mu nzu bari bapanzemwo kubera ko batari bagishoboye kuriha iyo nzu. Kandi rero n'uwo mwanya nta n'ivyo gufungura yari afise.

Niho namutora ndamwinjiza aho bagurira ibintu maze nuzuzwa ibifungurwa ndamuha nkoresheje amafaranga nkuye muyaragenewe kuriha ishure. Ndiko ndamujana nciye kw'ishure, nkoresheje igice ca ya mahera y'ishure cari gisigaye, naciye mbwira nyene inzu kugirango bumvikane, maze ndemera kuriha igice c'ayo yategerezwa kuriha maze nyene inzu nawe aca amuhebera iyindi nusu. Naciye mpamagaza abagize inama y'ishengero maze nabo baca bariha amatara. Narahejeje ndamubwira nti : “Ni wamara kuva mur'izo ngorane, nawe uzofashe uwundi uzobona yaguye mu ngorane.” Ico gihe yari anezerewe cane.

Igihe nashika muhira nkabwira umufasha wanje ko mfise ubwoba ku bijanye no kuriha ishure, yaranyishuye anezerewa agira ati : “Imana izovyimenyera !” Kur'uwo mugoroba, igihe nugurura ubutumwa bwa mail, nasanze harimwo igitigiri kingana na ya mahera nakoresha mu gufasha uwo mukenyezi.

Imana iratwitwararitse mbere gusumba uko twitwararika abana bacu. Yasezeranye ko azoduha ivyo kurya bidukwiye (**Yesaya 33:16**). Ariko muzirikane iri jambo nk'uko ryanditwe ati: “Uduhe ivyo kurya bidukwiye uyu musi.” Mu mvugo itomoye, Yesu yaratubwiye ko dukwiye gukunda bagenzi bacu nk'uko twikunda (**Mariko 12:31**), hama kandi ko dukwiye gusengera abandi. “Mwakirane imitwari, mushikane murtyo ivyagezwe na Kristo” **Ab'i Galatiya 6:2**. Ico nico abigishwo bo mu binjana vya mbere bakora. Bari bahuje umutima muri vyose (**Ivyakozwe n'intumwa 4:32**).



“Amasengesho yacu ntakwiye kurangwa no kwikunda, ashingiye ku nyungu zacu gusa. Turashobora gusaba hama duhawe, natwe tugatanga ku bandi. Ingingo ngenderwako z’ubuzima rukristo zitegerezwa kuba ingingo ngenderwako zituraba natwe ubwacu... Dukwiye gusaba imigisha y’Imana hama natwe tukayishikana ku bandi. Ibanga ryo kuronka rinyegejwe mu gutanga. Ntidukwiye kubandanya turundarunda ubutunzi bw’ijuru ariko natwe tutabiha abandi batuzengurutse (**Christ Object Lesson pp 142,143**).

Muzirikane ko isengesho ry’Umwami wacu ntabwo rivuga ko dukwiye ivyo kurya vy’ejo, ahubwo nyabuna ivy’uyu musu. Isirayeri ntivyakunda ko ironka manu ya bukeye kiretse manu y’uwo musu gusa. Imana ntishaka ko twiganyira kuvy’ejo (**Matayo 6:34**). Musabe kubw’uwo musu. Musabe kugirango namwe mutange. Murondere abo muhezagira. Imbere yo gusigura Ijambo ry’Imana, abigishwa ba Yesu babanza kwerekana urukundo bakunda Imana na cane cane mu kubera umugisha abari baburaniwe.

Ku musu w’amateka Yesu ntazotubaza nimba twaragiye ku rusengero gusenga, n’ubwo navyo dukwiye kubikora (**Abaheburayo 10:25**). Ariko azovuga ati: “Nagenda gusa, nishwe n’inzara kandi nyotewe. Uko ukunda abakuzengurutse bigaragaza uko unkunda” (**Matayo 25:31-45**).

Imana iraguhamara kugirango usengere ababanyi bawe, gukunda ababanyi bawe wongere kandi ubere umugisha abakuzengurutse.

**Reka dusengere hamwe.**

**Umwanya wo gusenga (Hagati y’Iminota 30-45)**

*Imirwi yose y’amasengesho ifise inzira zitandukanye zo gusengera hamwe. Turagutera umwete wo kumara iminota hagati ya 30 na 45 mw’isengesho rya rusangi, mu nzira iyo ariyo yose Mpwemu yera aza kukuyoboreramwo. Turahimiriza ngo habe isengesho rito rimeze nk’ikiyago kigizwe n’amungane ava kuri rimwe (1) kugera kuri atatu (3). Ibi bizofasha abantu benshi gusenga kenshi gashoboka. Aha musu hari uturorero two gusenga biciye mu vyanditswe hishimikijwe iviyumviro vyo muvyanditswe vyera. Murashobora gusenga biciye mu bindi bigabane vy’ivyanditswe maze mushobore no gushiramwo ibindi vyiyumviro vyo gushimikirako. Ni murabe icerekezo co kwisunga mu masengesho hamwe n’imitwari yo gusengera mw’ishengero kw’isi yose.*

**Musenge biciye mw’Ijambo ry’Imana-Ab’i Galatiya 6:9, 10**

« Twame dukora ivyiza, ntiducobogore, kukw igihe ni cashika tuzokwimbura, ni tutarambirwa. Nuko rero, iyo turonse uburyo, tugirire bose neza, cane-cane ab’inzu y’abizera. » Ab’i Galatiya 6:9, 10

**Ntiducobogore mu gukora ivyiza**

Data, igikorwa kidusiga turi intere. Twishinga guharanira gushika ku ntego no ku mwimbu ushimishije ariko tukibagira ko ari wewe soko y’inguvu zose. Turakwinginze uhindukirize amaso yacu kuri wewe. Tuvugurure utwuzuze urukundo rudakama rwo gukunda ab’isi badukeneye.

**Tuzoronka umwimbu mwishi nitudacobogora ngo tureke gukora**

Mwami, urakoze kubw'isezerano ryawe ritubwira ko umusi w'iyimbura ugiye gushika. Tunganya ibiganza vyacu ngo biganzwe n'ubwizigirwa mu gihe tubiba canke tuvomerera inyungu z'ukwizera ku bandi. Umwimbu uzova kuri wewe.

**Reka dukore ivyiza ku bantu bose**

Mana, duhe amaso yawe kugira ngo tubone uturyo bwo kugukorera. Twereke uko dukwiye gutahuza urukundo abana bacu, abagore bacu, ababanyi bacu hamwe n'abo dusengera hamwe. Turanezerewe no kuba mu bagize umuryango wo mw'ijuru!

**Ubundi buryo bw'amasengesho**

**Amashimwe no gutazira:** Tanga amashimwe yawe kubw'imigisha yihariye wongere uhimbaze Imana kubw'ukugira neza kwayo

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambanyi zikunda kwibonekeza n'ingingo za ma zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw'Ishengero ku rwego rw'akarere (raba urupapuro rutandukanye ruriko imitwaro).

**Imitwaro yanyu:** Sengera imitwaro y'abizera b'ishengero ryanyu, umuryango n'ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana hama wishurisce amashimwe canke indirimbo.

**Indirimbo zo gukoresha:** Indirimbo ya 48, n'iy'136.

## Umusi w'Icenda: Igenekerezo rya 16 Nzero 2025

### UDUHARIRE IMYENDA YACU NK'UKO NATWE DUHARIRA ABARI MU MYENDA YACU

“Kuko ni mwaharira abantu ivyaha vyabo, na So wo mw ijuru azobaharira namwe”

**Matayo 6: 14**

**“Sinigeze ndavyiyumvamwo”**

Igihe nagendera umufasoni araho mu bitaro aho yari agwariye, ubwo yari asanzwe ari inararibonye igihe kirekire mw'ishengero nari ndongoye, yarambwiye ati: “Ntunsengere kuko narazimiye.” Nanje ndamubaza nti: “Ni kuki uvuze gutyo?” Ndamubaza nti “Warasavye imbabazi?” Yaranyishuye ati: “Pasito, naracumuye icaha gikomeye igihe nari nkiri muto.” “Oh, imisi yose y'ubuzima bwanje, ariko ntirigera imbabarira.” Nongera ndamubaza nti “Ubimenya gute?” Niho rero yishura ati: “Sindavyiyumvamwo!” Niho rero twafata akanya turabiganirako, maze ku mpera y'ikiganiro twagiraniye yari afise amahoro n'umunezero.

Mbega wumva gute ikijanye no guharira? Mu buzima bwawe uvyumvana ubushuhe canke ku ruhande rwawe harangwa ubukonje, canke mbere ikintu wama warengejeko uruho rw'amazi? Mbega uravyiyumvamwo?

Bibiliya iratomoye. “Ni twatura ivyaha vyacu, ni yo yo kwizigirwa kand' igororoka, ivyo ni vyo bituma iduharira ivyaha vyacu, ikatwoza ukugabitanya kwose” **1 Yohana 1:9**. Ntabwo bisigura ko Imana iharira gusa ivyaha bitobito canke igitigiri c'ivyaha runaka. Haratomora neza hati: “Ni twatura ivyaha vyacu izobiduharira vyose.” Ico utegerezwa gukora gusa ni kuvyatura. Isezerano n'iri: “Imana iraharira. Kora ivyo utegerezwa, Imana nayo izokora ibiyiraba.”

Uguharira, s'ikintu uzokwiyumvamwo canke ngo uronkere ibimenyamenya mu buhinga. Ufata ijambo ry'Imana nk'uko yarivuze maze ugaheza ukizera ko Imana itabesha. Ntushobora kubisobanura, canke ngo wibaze ko ubibereye, menya gusa ko Imana yabisezeranye kandi isezerano ryayo ntirihinduka kuko rishingiye kuri kamere yayo hamwe n'Ijambo ryayo. Nta kintu na kimwe gikingiye nk'ijambo ry'Imana.

Igihe watuye icaha cawe, ubwo nyene bijanirana n'uguharira. Yesu yararishe ikiguzi c'ivyaha vyanyu ku musaraba. “N'umwagazi w'intama w'Imana ukura icaha c'abari mw'isi (**Yohana 1:29**). Amaraso yiwe arakwiye, kandi biciye mu maraso yiwe mwarahawe ugucungurwa no guharirwa ivyaha vyanyu vyose (**Abanyefeso 1:7**).

Igihe uhejeje kwatura, turakeneye no kwiyigisha ukwizera, guhitamwo kwizera yuko Imana ishira mu ngiro ivyo yasezeranye. “Aburamu yizeye Imana abiharurwako nk'ukugororoka” (**Abaroma 4:3**). Mwibuke, “ukugororoka kuva ku kwizera” (**Abaroma 1:17**). Uko muzokwizera, Imana nayo irakora, kandi uzoharirwa. Ntukagerageze kubisigura canke kurenza urugero. “Ubuntu ni bwo bwabakijije kubw'ukwizera: na vyo nyene ntivyavuye kuri mwebwe, n'ingabire y'Imana” **Abanyefeso 2:8**.

“Biciye mur’iki gikorwa gisanzwe co kwizera Imana, Mpwemu Yera arashoboye kunagura ubuzima busha mu mutima wawe. Uri umwana wo mu muryango w’Imana, kandi Imana iragukunda nkuko ikunda umwana wayo (**Steps to Christ p 52**). Guharira, ukugororoka, agakiza-vyose tubironka nk’ingabire ku buntu bw’Imana biciye mu kwizera.

“Uri umunyavyaha, ntucibwe intege na kahise kawe kubijanye n’ivyaha wakoze; ntushobora guhindura umutima wawe ngo wigire uwera. Ariko Imana yasezeranye kubigukorera vyose biciye muri Yesu. Urizera iryo sezerano....nimba wizera iryo sezerano....Imana izokugwiriza.... Nturindire ng’ubanze kuvyiyumvamwo ko vyose vyatunganye, ariko uvuge uti: “Ndavyizeye, niko biri, ataruko ndavyiyumvamwo, ariko kuberako Imana yabisezeranye (**Steps to Christ, p 51**).

Mu kubandanya uhangama amaso ku musaraba wa Yesu urashobora kurabukwa ukwigaragaza kw’urukundo: Yesu, Umuremyi, uwavuze bikaba, uwo abamarayika mu kumuraba bitwikira mu maso habo, Imana Mushobora vyose uwaje aha kw’isi kwambara ishusho y’umuntu. Uyo, ni Uwera, yiremetse ivyaha vyawe, uwagupfiriye. Imana yaragupfiriye.

Tumbereza amaso yawe ku musaraba wiwe. Gutyo uzomenya yuko abo barushiriza kubona ubuntu bw’Imana nabo barerekana umutima mwiza. Abo baharirwa nabo baraharira, “Amasanganzira yose yo guharira tuyasanga mu rukundo Imana yatugiriye tutari turubereye, ariko kubwo imyifato yacu ku bandi mbere tukerekana ko urwo rukundo twarugize urwacu (**Christ Object Lessons p 251**).

**Reka dusengere hamwe.**

**Umwanya wo gusenga (Hagati y’Iminota 30-45)**

*Imirwi yose y’amasengesho ifise inzira zitandukanye zo gusengera hamwe. Turagutera umwete wo kumara iminota hagati ya 30 na 45 mw’isengesho rya rusangi, mu nzira iyo ariyo yose Mpwemu yera aza kukuyoboreramwo. Turahimiriza ngo habe isengesho rito rimeze nk’ikiyago kigizwe n’amungane ava kuri rimwe (1) kugera kuri atatu (3). Ibi bizofasha abantu benshi gusenga kenshi gashoboka. Aha musu hari uturorero two gusenga biciye mu vyanditswe hishimikijwe ivyiyumviro vyo muvyanditswe vyera. Murashobora gusenga biciye mu bindi bigabane vy’ivyanditswe maze mushobore no gushiramwo ibindi vyiyumviro vyo gushimikirako. Ni murabe icerekezo co kwisunga mu masengesho hamwe n’imitwari yo gusengera mw’ishengero kw’isi yose.*

**Musenge biciye mw’ijambo ry’Imana-Matayo 6:14**

“**Kuko** ni mwaharira abantu ivyaha vyabo, na So wo mw ijuru azobaharira namwe.” **Matayo 6:14**

**Ni waharira abantu ivyaha vyabo**

Data, turatuye ko kenshi na kenshi tutigera twipfuzaga guharira. Dukure mu kuba umururazi no kutabishaka. Hindura imitima yacu hama ureke ubuntu bwawe butembe buva muri twebwe bugana ku bandi. Hindura abansi bacu bacike abakunzi hama wunge imitima yacu mu gikorwa cawe mu bwami bwawe.

## **So wo mw'ijuru nawe azoguharira**

Urakoze, Mwami, kubw'ingabire nyishi ku kwihana no gucungurwa. Kenshi turaruhacane tugacumukura mu kuronka no kwemera imbabazi mbere tukanashobora kwibaza ko twari tubibereye. Twigishe kwakira imbabazi zawe mu munezero hama dushobore gukwiza ubwo buntu ku bandi.

## **Ubundi buryo bw'amasengesho**

**Amashimwe no gutazira:** Tanga amashimwe yawe kubw'imigisha yihariye wongere uhimbaze Imana kubw'ukugira neza kwayo

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambanyi zikunda kwibonekeza n'ingingo za ma zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw'Ishengero ku rwego rw'akarere (raba urupapuro rutandukanye ruriko imitwaro).

**Imitwaro yanyu:** Sengera imitwaro y'abizera b'ishengero ryanyu, umuryango n'ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana hama wishurisce amashimwe canke indirimbo.

**Indirimbo zo gukoresha :** Indirimbo ya 26, n'iy'104.

## Umusi w'Icumi: Igenekerezo rya 17 Nzero 2025

### NTUTUJANE MU BITWOSHA NABI

“Umuntu ni yageragezwa gukora ibibi, yoye kuvuga ngw Imana ni yo ingerageje. Kukw Imana itageragezwa n'ibibi, kandi na yo nta we ibigerageresha” **Yakobo1:13**

#### Mbega Imana koko yokora ivyo?

Imana irera, kandi ni urukundo. Ntawe igerageresha ibibi, ahubwo nitwe twisuka mu bigeragezo (**Yakobo 1:14, 15**). Mbega woba umaze kwibaza ivyo Yesu yagomba kutubwira muri rya sengesho agira ati: “Ntutujane mu bitwosha nabi?” Yesu ntiyariko avuga ko Imana itugerageza mu kudasuka mu vyaha canke ko dutegerezwa kumusaba ngo ntadusuke mu bitwosha nabi. None ivyo bisigura iki? Nk'uko biri kenshi, nimba atariko vyama mu vy'indimi, ijamba rishobora kugira insiguro irenze imwe mu rurimi rw'ikigiriki. Niyo mpamvu utegerezwa kurondera ijamba kama hamwe no kumenya icariko kiravugwa mur'uwo mwanya. Ijamba ry'ikigiriki ryakuwemwo iri jambo “Ntutujane” ni eisphoro. Iri somo rero rishobora gusobanurwa ngo “Ntutureke ngo tugwe, ntudutererane mu, ntutwemerere ngo tuje”. Ntabwo bivuga kugeragezwa.

Ijamba ry'ikigiriki iri jambo “ikigeragezo” ni peirasmon. Rishobora gusobanurwa “*Igipimo, ikigeresho co ku munzane, igifasha guhinyuza*” n'ibindi. Ubwo rero iryungane ngo ntutujane mu bitwosha nabi rishobora gusobanurwa ngo “Ndakwinginze ntundeke jenyene kubera ndi jenyene noca nyerera nkagwa mu caha, canke nkasubira kugwa mu caha nari naramaze kwikunkumura, canke iyo umpimye, ntunte ukwa jewe jenyene canke ugumane nanje igihe gikwiye kuko ntinye ko nohava ngwa mu caha.” Ku mwanya runaka Imana iremera canke iragushira mu mero runaka ngw'igufashe gutahura umutima wawe hamwe n'ibisabwa mu vya mpwemu, kwugurura amaso yawe ng'ubone uko umeze hamwe n'ivyo ukeneye. Bibilila iravuga iti, “Kuk' uvuga, uti Nd'umukire ndatunze kandi nta co nkennye; ntumenye yu kw ari wewe mutindi, wafutanye, ur' umworo, ur' impumyi, ugenda amenya” **Ivyahishuwe 3 :17**. Igihe umenye ko urwaye, uraja kwa muganga, ariko none ni gute woshobora kugenekereza ikintu utazi ivyaco ?

Iyo twimenye, turatahura ubunyacaha bwacu tukanamenya ko nyabuna dukeneye Yesu. “Abo bonyene baba iruhande ya Yesu, nibo bashobora kumenya badakekeranya intege nke zabo, ubunyacaha bwa kiremwa muntu, kandi ko ivyizigiro biri gusa mu mucunguzi yapfuye akazuka” (**Great Controversy p 471**).

Imana yaragejeje umwami Zedekiya (**2 Ngoma 32:31**). **Imigani 17:3** havuga ko Imana igerageza imitima yacu. Dawidi yarasenze ati: “Uhoraho, n'unsuzume, ungerageze” (**Zaburi 26:2**). Petero yaravuze ko umuriro wo kutugerageza ari igipimo (1 Petero 4:12).

Ukubona ubunyacaha bwacu, biturongorera kuri we uwo ashobora guharira, igihe umushaha uzirikanye ko ukeneye ubufasha, uca uza kuri Kristo, maze rero Yesu azowihishurira mu nkomezi” (**Steps to Christ p 65**).

Ariko rero “Umurwanizi wacu rutura agerageza kugumiza kure ya Yesu umushaha uhondobereye” (**Prayer, p 270**). Arazi ko nimba dutandukanye na Yesu, tuzoca twirundurira mu caha.

Mu gice ca nyuma c’isengesho ry’Umwami wacu, Yesu yagerageje guca akarongo k’ubushobozi bw’isengesho ryo mu mwiherero. Yaravuze ko ivyizigiro vyacu biboneka gusa mu kuguma muri Yesu imisi Yose no kumwimika mu buzima bwacu akaba muri twebwe, ntitwigere na rimwe dutandukana nawe, ntitumute ngo twibere ukwacu. “Kristo muri wewe, ivyizigiro vyo kuronka ubwiza” (**Ab’i Korosayi 1:27**).

Iyo turi twenyene nta nkomezi tugira zo guhindura no kunagura umutima. Ariko isezerano riratomoye kandi rirahumuriza, “Abari muri Kristo Yesu baba ari ivyaremwe bisha” (**2 Ab’i Korinto 5:17**).

Mbega ni gute urondera ubwawe kumenya aho ugeze mu rugendo rwo mu vya mpwemu? Yesu yaravuze ati “Tuzomenyekanira ku vyamwa twama” (**Matayo 7:16**). Mbega wama gute? Ni mu kwama na ntaryo twomatana na Yesu (**Yohana 15:1-5**) maze tukuzura Mpwemu (**Ab’i Galatiya 5:22,23**).

“Igikorwa c’iyobokamana gishira umuntu mw’ishengero, ariko kamere n’ingendo vyerekana nimba yama na ntaryo yomatanye na Yesu” (**Desire of Ages p 676**). Ni mwaguma muri we, ntitibikenewe ko mumenya uko akora, ico musabwa gusa n’ukumwizera. Akiza abo bose baza kuri we (**Abaheburayo 7:25**).

“Ukwigwanira kwacu twikingira ikibi ni kumwe gusa: Kristo abe mu mitima Yacu” (**Desire of Ages p 324**).

Imana iraguhamagarira gusenga ubudahumeka, gutitiriza usaba mw’izina rya Yesu, kugendana nawe, kandi na ntaryo ukama maso igihe cose uri imbere yiwe kandi wame utega amakiriro kuri we, ntukigere utandukana nawe. Izo nizo nkomezi zawe rukumbi ufise. Kandi yarasezeranye ko izotwegera igihe natwe tuzoyegera (**Yakobo 4:8**).

**Reka dusengere hamwe.**

**Umwanya wo gusenga (Hagati y’Iminota 30-45)**

*Imirwi yose y’amasengesho ifise inzira zitandukanye zo gusengera hamwe. Turagutera umwete wo kumara iminota hagati ya 30 na 45 mw’isengesho rya rusangi, mu nzira iyo ariyo yose Mpwemu yera aza kukuyoboreramwo. Turahimiriza ngo habe isengesho rito rimeze nk’ikiyago kigizwe n’amungane ava kuri rimwe (1) kugera kuri atatu (3). Ibi bizofasha abantu benshi gusenga kenshi gashoboka. Aha musu hari uturorero two gusenga biciye mu vyanditswe hishimikijwe ivyiyumviro vyo muvyanditswe vyera. Murashobora gusenga biciye mu bindi bigabane vy’ivyanditswe maze mushobore no gushiramwo ibindi vyiyumviro vyo gushimikirako. Ni murabe icerekezo co kwisunga mu masengesho hamwe n’imitwaro yo gusengera mw’ishengero kw’isi yose.*

**Musenge biciye mw’ijambo ry’Imana-Yakobo 1: 13**

“Umuntu ni yageragezwa gukora ibibi, yoye kuvuga ngw Imana ni yo ingerageje. Kukw Imana itageragezwa n'ibibi, kandi na yo nta we ibigerageresha” **Yahobo 1:13**.

### **Imana ntigeragezwa n'ikibi**

Data, turagushimiye ko warungitse Yesu akarinda mbere akananeshya ikibi mu kibanza cacu. Turi kumwe nawe nta mwijima twigera tugwamwo atari ubugwaneza n'umuco. Turazi ko wamaze kuneshya icaha n'urupfu kandi ko urushirizaho kudutunganya ngo duse nawe. Udushoboze kuguma tuguhanze amaso.

### **Nayo ntawe igerageza**

Mwami, turakwinginze utugumize kure y'ibigeragezo bishobora kudutandukanya nawe. Twigishe guhunga ivyiyumviro vy'ukwigungirako bishobora kudasuka, kugeza aho bihindukiza amaso yacu biyakura kuri kamere yawe nyeranda. Dufashe kwanka ivyo wanka no gukunda ivyo ukunda.

### **Ubundi buryo bw'amasengesho**

**Amashimwe no gutazira:** Tanga amashimwe yawe kubw'imigisha yihariye wongere uhimbaze Imana kubw'ukugira neza kwayo

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambanyi zikunda kwibonekeza n'ingingo za ma zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw'Ishengero ku rwego rw'akarere (raba urupapuro rutandukanye ruriko imitwaro).

**Imitwaro yanyu:** Sengera imitwaro y'abizera b'ishengero ryanyu, umuryango n'ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana hama wishurisha amashimwe canke indirimbo.

**Indirimbo zo gukoresha :** Indirimbo y'159, n'iy'122.